# Адыгэ макъ

№ 64 (19578)

2010-рэ илъэс

БЭРЭСКЭЖЪЫЙ
МЭЛЫЛЪФЭГЪУМ и 7

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИIЭП

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет


Президентым изэIукIэгъухэр

## ЗЭРЭЗЭДЭЛЭЖЬЭЩТХЭМ ТЕГУЩЫIАГЪЭХ

Адыгэ Республикэм и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан Абхъаз Республикэм и Президент и Администрацие ипащэу Валерий Аршба тыгъуасэ IофшIэгъу зэIукIэгъу дыриIагъ. РеспубликитIум язэпхыныгъэ гъэпытэгъэным ехьылIэгъэ Iофыгъохэм ахэр атегущыIагъэх.

— Адыгеимрэ Абхъазымрэ сыд фэдэрэ лъэхъани зэфыщытыкIэ дэгъухэр зэдыряIэу, ныбджэгъуныгъэр агъэлъапIэу зэдэпсэух,— къыщыIуагъ АР-м и Президент пэублэ псалъэм. — Экономикэм, политикэм, нэмыкI лъэныкъохэмкIи зэпхыныгъэу тиIэхэр гъэпытэгъэнхэм непэрэ зэIукIэгъур фэлэжьэн фаеу сэлъытэ, арэущтэу зэрэщытыщтыми сицыхьэ телъ.

Адыгеим игуапэу сыдигъуи къызэрэкIорэр нэужым гущыIэ зыштэгъэ В. Аршба къыхигъэщыгъ. Абхъазыр шъхьафитэу, къэралыгъо статус иIэу зэрэхъугъэм къыхэкIыкIэ ыпэкIэ зэзэгъыныгъэу ашIыгъагъэхэм зэрахэплъэжьыщтхэр, зэрэзэдэлэжьэн алъэкIыщт лъэныкъохэр къызэрагъэнэфэщтхэр, зэкъош республикэхэм шIуагъэ къафэзыхьын зылъэкIыщт проектхэр щыIэныгъэм щыпхыращыным Iоф зэрэдашIэщтыр ащ къыIуагъ.

Мы мэфэ дэдэм ТхьакIущынэ Аслъан Урысыем и Сбербанк ЮФО-мкIэ и Къыблэ-къохьэпIэ банк ипащэу Виктор Вентимилла Алонсо зэIукIэгъу дыриIагъ. Банкымрэ республикэмрэ непэ зэрэзэдэлэжьэн алъэкIыщт лъэныкъохэр Iофтхьабзэм къыщагъэнэфагъэх.

Республикэм ипащэ къызэрэхигъэщыгъэмкIэ, мы аужырэ илъэсищым къыкIоцI Адыгеим иэкономикэ сомэ миллиард 30-м ехъу инвестициеу къыхалъхьагъ. Социальнэ мэхьанэ зиIэ программэхэр зэшIохыгъэ хъунхэм пае, проектэу республикэм ыгъэхьазырыгъэхэр щыIэныгъэм щыпхырыщыгъэнхэм фэшI инвесторхэм ямызакъоу, Сбербанкми ишIуагъэ къыгъэкIон зэрилъэкIыщтыр Президентым къыIуагъ. Мэкъумэщ хъызмэтым хэхъоныгъэхэр ышIынхэм, бизнес цIыкIумрэ гурытымрэ зягъэушъомбгъугъэным апае, ахэм Iоф ащызышIэрэ цIыфхэм чIыфэхэр (кредитхэр) ятыгъэным мэхьанэшхо зэриIэр, ащкIэ Сбербанкым зэрэщыгугъыхэрэр ыкIи республикэм ежь къытефэрэр зэкIэри гъэцэкIагъэ зэрэхъущтыр ТхьакIущынэ Аслъан къыIуагъ.

ЦIыф къызэрыкIохэм непэ Сбербанкым цыхьэ зэрэфашIырэр, экономикэ къиныгъохэм ямылъытыгъэу чIыфэу атырэм къызэрэщымыкIэрэр, нэмыкI банкхэм ялъытыгъэмэ процентэу пылъыр зэрэнахь макIэр, ипотекэр, социальнэ мэхьанэ зиIэ нэмыкI лъэныкъохэр зэшIохыгъэнхэм анаIэ зэрэтырагъэтырэр Виктор Алонсо къыIуагъ. АР-м и Президент зигугъу къышIыгъэ программэхэм ыкIи проектхэм апэIухьащт ахъщэр республикэм къыфэтIупщыгъэным зэрэхэплъэщтхэр ыкIи амалэу щыIэмкIэ IэпыIэгъу къызэрэфэхъущтхэр ащ зэфэхьысыжьэу къышIыгъ.

АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат, АР-м экономикэ хэхъоныгъэхэмкIэ ыкIи сатыумкIэ иминистрэу ЛIыхэсэ Махьмуд, АР-м и Президентрэ министрэхэм я Кабинетрэ я Администрацие ипащэу Александр Пиценкэр Iофтхьабзэхэм ахэлэжьагъэх.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***



Непэ — псауныгъэм и Дунэе маф

## ЕДЖАПIЭХЭМ АЩЫIЭЩТЫХ

Псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ Дунэе организацием (ВОЗ-м) иунашъо тетэу 1948-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу мы мафэр хагъэунэфыкIы.

Адыгэ Республикэми мыщ ехъулIэу Iофтхьэбзэ гъэнэфагъэхэр щызэхащэх. БэмышIэу Мыекъуапэ къыщызэIуахыгъэ медицинэ учреждениеу «Псауныгъэм и Гупч» зыцIэм къызэрэщытаIуагъэмкIэ, мыхэм яспециалистхэр къалэм игурыт еджэпIищымэ яапшъэрэ классхэм арыс кIэлэеджакIохэм аIукIэщтых. Мы еджапIэхэм ащыкIощтых «Псауныгъэм иурокхэр», къащагъэлъэгъощтых видеофильмэхэр, дискуссиехэр ащызэхащэщтых. НыбжьыкIэхэр зыгъэгумэкIырэ упчIэхэм джэуап аратыжьыным медицинэм иIофышIэхэри психологри фэхьазырых. Мы Iофтхьабзэхэр нахь зыфытегъэпсыхьагъэхэр наркоманием пэуцужьыгъэныр ары.

Джащ фэдэу «Псауныгъэм и Гупчэ» мэлылъфэгъум и 7 — 9-м щыкIощт акциеу «Уипсауныгъэ унычжьыкIэзэ къэухъум» зыфаIуагъэр. Ащ къызэрэдилъытэрэмкIэ, мы мафэхэм къакIоцI фаехэр зэкIэ «Псауныгъэм и Гупчэ» къэкIонхэшъ, зыгъэгумэкIырэ упчIэхэмкIэ специалистхэм зафагъэзэн, япсауныгъэ изытет ауплъэкIун алъэкIыщт.

***ЖАКIЭМЫКЪО Аминэт.***

## АДЫГЭ РЕСПУБЛИКЭМ ИМИНИСТРЭХЭМ Я КАБИНЕТ ИУНАШЪУ

**Адыгэ Республикэм информатизациемкIэ и ГъэIорышIапIэ ипащэ игуадзэ ехьылIагъ**

**Нэпсэу Индар Мэдинэ ыкъор** Адыгэ Республикэм информатизациемкIэ и ГъэIорышIапIэ ипащэ игуадзэу гъэнэфэгъэнэу.

***Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэу***
***КЪУМПIЫЛ Мурат***

къ. Мыекъуапэ,
мэлылъфэгъум и 1, 2010-рэ илъэс
N 94

# ПХЪЭШЪХЬЭ-МЫШЪХЬЭХЭР НАХЬЫБЭУ КЪЭХЬЫЖЬЫГЪЭН-ХЭМ ФЭГЪЭХЬЫГЪАГЪ

ВИР-м и Мыекъопэ опытнэ станцие республикэм мэкъу-мэщымкІэ и Министерствэ научнэ-практическэ семинарэу пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр узхэм ыкІи ахэм зэрар къафэзыхьыхэрэм ащыухъумэгъэнхэмкІэ Іофхэм язытет зыщатегущыІагъэхэр бэмышІэу зэхищагъ. Ащ хэлэжьагъэх Адыгеим мэкъу-мэщымкІэ иминистрэу Ю.Н. Петровыр, министерствэм иІофышІэхэм ащыщхэр, районхэм мэкъу-мэщымкІэ ягъэІорышІапІэхэм япащэхэр ыкІи яагроном шъхьаІэхэр, республикэ къулыкъухэм япащэхэр, научнэ-ушэтэкІо учреждениехэм ялІыкІохэр, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм якъэгъэкІын пылъ хъызмэтшІапІэхэм ахэр къэухъумэгъэнхэмкІэ яагрономхэр.

ЗэІукІэм къекІолІагъэхэм опытнэ станцием идиректорэу А.Л. Гузь ВИР-м истанцие научнэ ыкІи производственнэ кІуачІэу иІэр зыфэдэр къафиІотагъ, ар зызэхащагъэр илъэс 80 зэрэхъугъэр мы илъэсым зэрэхагъэунэфыкІыщтым щигъэгъозагъэх.

Министрэу Ю.Н. Петровым къызэрэугъоигъэхэм анахьэу анаІэ зытыраригъэдзагъэр пхъэшъхьэ-мышъхьэлэжьыным хэхъоныгъэхэр егъэшІыгъэнхэмкІэ республикэм амалышІухэр зэрэІэкІэлъхэр ары. Ащ къызэриІуагъэмкІэ, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм япитомникхэр зэхэщэгъэнхэ, псы зыкІагъахьозэ къагъэкІырэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр лэжьыгъэнхэмкІэ джырэ лъэхъанэ технологиеу щыІэхэр гъэфедэгъэнхэ фае. ИкІыгъэ илъэсым къыкІоцІ а лъэныкъом федеральнэ бюджетым къикІэу сомэ миллиони 6,5-рэ ІэкІагъэхьагъ. 2008-рэ илъэсым Адыгеим пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр гектар 18-м нахь ащамыгъэтІысыгъагъэмэ, икІыгъэ илъэсым ахэм арагъэубытыгъэр гектар 48-м нэсыгъ, мы илъэсым зэрэрахъухьэрэмкІэ, садхэр гектари 115-мэ ащагъэтІысыщтых.

ЗэІукІэм къыщыгущыІагъэх ВИР-м и Мыекъопэ опытнэ станцие илабораторие ипащэу В.М. Кочетковыр, опытнэ станцием инаучнэ ІофышІэ шъхьаІэу, мэкъумэщ шІэныгъэхэмкІэ докторэу О.Н. Барсуковар, Темыр-Кавказ НИИ-м пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр къэухъумэгъэнхэмкІэ и Гупчэ инаучнэ ІофышІэ шъхьаІэу С.В. Прах, нэмыкІхэри.

ЗэІукІэм хэлэжьагъэхэм анахьэу хагъэунэфыкІыгъэр пхъэшъхьэ-мышъхьэхэмрэ сэнашъхьэмрэ аубытырэ чІыгухэр хэпшІыкІэу нахьыбэ шІыгъэнхэ, ахэр къэухъумэгъэнхэмкІэ амалышІоу щыІэхэр зехьэгъэнхэ зэрэфаехэр ары.

***ЛІЭХЪУСЭЖЪ Хьаджэрэтбый.***

# ГЪУНЭПКЪАКІЭХЭР АШТЭЩТЫХ

Теуцожь районымкІэ Джэджэхьэблэ чІыпІэ коим чылэгъуиплІ хэхьэ — Джэджэхьабл, Къунчыкъохьабл, Тэуехьабл ыкІи Городскоир. Ипащэр Уджыхъу Алый. Ащ къызэрэтиІуагъэмкІэ, пстэумкІи ахэм чІыгулэжьыным ащыпылъ (фирмэу «Синдика-Агрор» ахэмытэу) хъызмэтшІэпІэ 33-мэ чІыгу гектар 1036-рэ афэгъэзагъ. Ахэм ащыщэу 15-р фермерых, чІыгу гектар 599-рэ алэжьы. Адырэ 18-мэ ежьхэм къатефэжьырэ ячІыгу Іахьхэр къаІахыжьыгъэхэу мэлажьэх.

Анахь фермер хъупхъэхэу илъэс къэс гъэхъэгъэ дэгъухэр зышІыхэрэм Уджыхъу Алый ацІэ къыреІо. Апэу гуфэбэныгъэ хэлъэу зыцІэ къыриІохэрэм ащыщ КъунчыкъохьаблэкІэ МэщлІэкъо Мыхьамодэ. Ар анахь чІыгубэ зыфэгъэзэгъэ фермерхэм ащыщ, гектар 300 елэжьы. ГъэрекІо коц гектари 150-у иІагъэм изы гектар центнер 37-рэ, тыгъэгъэзэ гектари 150-м — центнери 10 къарихыжьыгъ гектар телъытэу.

Тызыхэт илъэсым бжыхьасэу иІэр гектаришъ. Ар гъэрекІо егугъузэ зэрэхилъхьагъэм фэшыхьат непэ ащ изытет зэрэдэгъур. Джыри ибжыхьасэхэм ятеплъэ нахьышІу шІыгъэным иамалхэр зэрихьэхэзэ, анахь охътэшІухэм гектар пэпчъ аммиачнэ селитрэ килограмм 200 фэдиз ІэкІигъэхьагъ. Тыгъэгъэзэ гектар 200-р зыщишІэщтри жъогъахэ, ичылапхъи, итехники хьазырых.

— Лэжьыгъэшхо гъэрекІо къэзыхьыжьыгъэ фермерхэм ащыщых, — еІо Уджыхъу Алый, — ТэуехьаблэкІэ Къуижъ Иляс, ДжэджэхьаблэкІэ Мамый Руслъанрэ Хъут Муратрэ. Апэрэм иІэгъэ коц гектар 15-м изы гектар центнер 50, ятІонэрэм тыгъэгъазэм гектар телъытэу центнер 22-рэ, ящэнэрэм коц гектар 60-у Іуихыжьыгъэм игектар центнер 40 къарагъэтыгъ. Нэхэе Мурати гектар телъытэу коцым центнер 37-рэ къырихыгъ. Джащ фэд, БлэнэгъэпцІэ Юри илъэс къэс гъэхъэгъэшІухэр ешІых.

— Мыгъи тичІыгулэжьхэм яшъыпкъ, — къыпедзэжьы чІыпІэ коим ипащэ. — ГъунэпкъакІэхэр зэраштэщтхэм фэбанэхэзэ, гъэрекІо бжыхьэсэ гектар 620-рэ халъхьагъ ыкІи ахэм минеральнэ чІыгъэшІухэмкІэ яшІушІэгъахэх. Гъэтхэ лэжьыгъэхэм яхэлъхьани игъом дэгъоу зэшІохыгъэ зэрэхъущтым фэгъэхьыгъэ амалхэр зэрахьэхэзэ, ячІыгухэр ажъогъахэх, мэкъумэщ Іэмэпсымэхэри агъэцэкІэжьыгъахэх, ящыкІэгъэ чылапхъэхэри, гъэстыныпхъэхэри къызІэкІагъэхьэгъахэх.

***НЭХЭЕ Рэмэзан.***

ТхылъыкІ

# «ТЫГЪЭНАП»

ТхакІоу Пэнэшъу Хьазрэт ытхыхэрэр 1961 — 1962-рэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу къыдэкІых. «Апэрэ лъагъу» зыфиІорэ сборникыр иапэрэ творческэ лъэбэкъу хъугъэ. Ащ ыужыІоу кІэлэцІыкІухэм апае тхылъхэу «КІэлищ», «Бзыужъыемрэ хъырбыдзыкІэмрэ» ыкІи рассказ цІыкІухэр зыдэтэу «Лъэпсэ пыт» зыфиІохэрэр къыдэкІыгъэх.

Я 60 — 70-рэ илъэсхэм хэпшІыкІэу усакІом илирикэ нахь мэпытэ, «ТыщыІэщт», «Къытфыщанэгъэ дунаир» етхых, къыхаутых. «Чэчэн» зыфиІорэ усэкІэ къэІотэгъэ тхыдэм лІыблэнагъэм, лІыгъэм ямэхьанэ къыщызэІуихыгъ. Пэнэшъу Хьазрэт кІэлэцІыкІухэр зэрикІасэр, ахэр сыдигъуи инэплъэгъу зэрытхэм ишыхьат «Удивляется Байзет» зыфиІоу 2002-рэ илъэсым усэхэмрэ пшысэхэмрэ урысыбзэкІэ къыздэхьагъэхэу къыхиутыгъэр.

Пэнэшъу Хьазрэт литературэ зэдзэкІыным, публицистикэм дахьыхэу зэрэщытым ягугъу мызэу-мытІоу къэтшІэу хъугъэ. 2009-рэ илъэсым тхакІор къызыхъугъэр илъэс 75-рэ хъугъэ. Ар Хьазрэт ІофшІэгъакІэкІэ — тхылъыкІэкІэ хигъэунэфыкІыгъ.

**«Тыгъэнап»** зыфиІорэ тхылъыкІэу къыдэкІыгъэм усэхэр, балладэхэр, зэдзэкІыгъэхэр адыгабзэкІэ 300 хъоу, урысыбзэкІэ тхыгъэхэр пшІы зыщыплІым нэсэу къыдэхьагъэх.

Тхылъым игущыІэпэ кІэкІ урысыбзэкІэ зэрэтхыгъэр тІэкІу бгъэшІагъо екъу, ау ар тхылъеджэ зэфэшъхьафхэм атегъэпсыхьагъэу — адыги, урыси, къэндзали, нэмыкІи еджэнхэ алъэкІыным паеу зэрэтхыгъэм гу лъэотэ, авторым мысагъэу фэплъэгъужьырэп.




«Тыгъэнап» цІэу зиІэ тхылъыкІэр Пэнэшъу Хьазрэт мы усэ сатыриплІымкІэ къызэІуехы ыкІи мары къызэрэриІотыкІыгъэр:

***Къэхъуи, хъугъи, къэхъущти садэжьэу, —***
***СыщэІэфэ, сиІоф ахэрэлъ.***
***Тыгъэм инэбзыймэ япыдзэжьэу***
***Шъхьангъупчъашъхьэм сэ ситхылъ терэлъ.***

Пэнэшъу Хьазрэт бэшІагъэ зытхэрэр, зыусэрэр, игущыІэ зигъэунэфырэр, арышъ, иусэ тхылъыкІэ поэзием лъыплъэхэрэм гу зэрэлъатэщтыр, исатыр зэрыблыхэм япэсыгъэ уасэ зэрэфашІыщтыр тшІошъ мэхъу.

Къэнэжьырэ закъор «Тыгъэнап» зыфиІорэр гупсэфэу хэти къызэгуихынышъ ыджыныр, авторым гъусэ зыфишІызэ, усэ сатырхэм апкъырылъыр ыгъэунэфыныр, ишІошІ зафэу къыІоныр ары.

***МАМЫРЫКЪО Нуриет.***

КЪЭБАРЫКІЭХЭР

# УГОЛОВНЭ ІОФИТІУ КЪЫФЫЗЭІУАХЫГЪ

КІэлэцІыкІухэм гъэсэныгъэ тедзэ зыщарагъэгъотырэ муниципальнэ учреждениеу «КІэлэцІыкІу, ныбжьыкІэ творчествэм изегъэушъомбгъун фэгъэзэгъэ Мыекъопэ район Гупчэм» (ЦДЮТ) иІофышІэхэр бюджет мылъкум зэрэхэІабэхэрэмкІэ ыкІи нэмыкІ шІыкІэкІэ ахэм законыр зэраукъорэмкІэ Мыекъопэ районым ипрокуратурэ макъэ къырагъэІугъагъ.

Районым ипрокурор пшъэрылъ зэрэфишІыгъэм тетэу Мыекъопэ районым и ОВД и ОБЭП зэхищэгъэ уплъэкІунхэм нафэ къащыхъугъ мы ІофшІапІэм сомэ мини 156,5-рэ зэрэщатыгъугъэр.

ЦДЮТ-м идиректор 2008-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 1-м къыщегъэжьагъэу кІэлэегъаджэ горэ ыштагъэм фэдэу тхылъ нэпцІхэр ыгъэпсыгъагъэх. Ау 2010-рэ илъэсым мэзаем и 28-м нэс а бзылъфыгъэр ІофшІапІэм зыкІи къэкІуагъэп. Зигугъу къэтшІыгъэ уахътэм ащ тефэрэ лэжьапкІэр (сомэ мин 69,9-р) ЦДЮТ-м идиректор иджыбэ рилъхьагъ.

Джащ фэдэу 2007-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 28-м щегъэжьагъэу ЦДЮТ-м идиректор тхьэкІакІо, 2008-рэ илъэсым Іоныгъом и 1-м щегъэжьагъэу кІэлэегъэджэ ІэнатІэр дэзыгъэцэкІэщт бзылъфыгъэ горэ ыштагъэу тхылъ нэпцІ зэхигъэуцуи, сомэ мин 86,6-у «ащ къылэжьыгъэр» ежь ыштагъ.

Урысые Федерацием и Уголовнэ Кодекс ия 159-рэ статья ия 3-рэ Іахь къыдилъытэрэ бзэджэшІагъэр ЦДЮТ-м идиректор зэрихьагъэкІэ ылъыти, Мыекъопэ районым и ОВД иследственнэ отдел гъэтхапэм и 26-м ыкІи и 30-м мы Гупчэм идиректоркІэ уголовнэ ІофитІу къызэІуихыгъ.

Зигугъу къэтшІыгъэ уголовнэ Іофхэм язэхэфын зэрэкІорэм Мыекъопэ районым ипрокурор ышъхьэкІэ ынаІэ тырегъэты.

# ЗЫ НЭБГЫРЭ ХЭКІОДАГЪ

Гъэтхапэм и 29-м къыщегъэжьагъэу мэлылъфэгъум и 4-м нэс республикэм игъогухэм хъугъэ-шІэгъи 9 къатехъухьагъэу гъогу-патруль къулыкъум ыгъэунэфыгъ. Ахэм зы нэбгырэ ахэкІодагъ, нэбгыри 9-м шъобжхэр атещагъэхэ хъугъэ. Тхьамафэм къыкІоцІ лъэсрыкІохэр хъугъэ-шІэгъи 5-м ахэфагъэх, ахэм зы нэбгырэ ахэкІодагъ, зыныбжь имыкъугъэ нэбгыри 4-м шъобжхэр хахыгъэх.

Гъэтхапэм и 29-м Мыекъуапэ иурамхэу Хьахъуратэмрэ Тургеневымрэ ацІэ зыхьыхэрэр зыщызэхэкІыхэрэм дэжь къырычъэщтыгъэ автомобилэу ГАЗ-31029-м лъэсрыкІо гъогур зэпызычыщтыгъэ кІэлэеджакІор риутыгъ. КІэлэцІыкІум шъобжхэр тещагъэхэ хъугъэ.

Мэлылъфэгъум и 1-м автомобиль гъогоу Мыекъуапэ — Джаджэ — Псыбай зыфиІорэм къырычъэщтыгъэ скутерым тесыгъэ водителым гъогурыкІоным ишапхъэхэр ыукъохи, ыпэкІэ къикІыгъэ автомобилэу «Газелым» еутэкІыгъ. Скутерым иводитель шъобжхэр тещагъэхэ хъугъэ.

Мы мэфэ дэдэм поселкэу Инэм иурамэу Сединым ыцІэ зыхьырэр зэпызычыщтыгъэ, зыныбжь имыкъугъэ кІэлэцІыкІур машинэу «Хюндай» зыфиІорэм риутыгъ. Мы хъугъэшІагъэм лажьэ зиІэу щагъэунэфыгъэр лъэсрыкІор ары.

Мэлылъфэгъум и 3-м, пчыхьэм, автомобиль гъогоу Инэм — Бжъэдыгъухьабл зыфиІорэм, къуаджэу Гъобэкъуае дэжь, гъогур зэпызычыщтыгъэ хъулъфыгъэр автомобилэу «Хонда» зыфиІорэм щыриутыгъ, нэужым етІани машинэу «Хюндай» зыфиІорэр къытехьажьыгъ. Гукъау нахь мышІэми, мы хъугъэ-шІэгъэ тхьамыкІагъом ыпкъ къикІыкІэ лъэсрыкІом а чІыпІэм идунай щихъожьыгъ.

Мэлылъфэгъум и 4-м автомобиль гъогоу Щынджый — Тэхъутэмыкъуай зыфиІорэм къырычъэщтыгъэ автомобилэу «Фордым» кІэрысыгъэ водителым рулыр фэмыгъэІорышІэу ІэкІэкІи, машинэр зэпыригъэзагъ. Водителым шъобжхэр тещагъэхэ хъугъэ.

Гъэзетеджэхэр къэупчIэх

# ТшIэмэ тшIоигъу

Джырэблагъэ хьалъэкъуаемэ еджапIэу афашIыщтыр зыщагъэуцущт чIыпIэр къыхэхыгъэным тегущыIэнхэу цIыфыбэ къэзэрэугъоигъагъ ыкIи ащ ехьылIэгъэ унашъуи ашIыгъ. А Iофыгъом нахьыбэу уахътэ ыхьыгъ газэу агъэстыгъэр зыфэдизыр къэзылъытэрэ приборхэр зыгъэфедэхэрэм счетчикым къыгъэлъагъорэм нэпэмыкIэу кIымэфэ мазэхэм коэффициентыр агъэфедэзэ амыгъэстыгъэ газым ыуасэ къазэрафалъытэрэм ыкIи зэраIахырэм цIыфхэр зэригъэгумэкIыхэрэм итегущыIэн. Ащ ехьылIэгъэ къэбар «гушIуагъоу» зы унагъо къыIукIагъэр ары гъэзетым сыкъатхэ сшIоигъоу сызышIыгъэр.

Совет хабзэм илъэхъани ащ тетыгъ, джыры нэмыIэмэ, Iэташъхьэр аIулIэжьыгъап пIоми хъущт. ЗыфасIорэр цIыф хыем къымылэжьыгъэ шъхьэкIуабэ рахэу зэрэщытыр ары. Ащ зэрэтетыр, сэ сишIошIкIэ, къеушыхьаты джырэблагъэ ООО-у «Адыгрегионгазым» иадминистрацие цIыфхэм Iоф адэзышIэрэ иотдел ипащэу Д. А. Антоновыр зыкIэтхэжьыгъэ письмэу къэстхырэм кIэтхэжьыгъэхэм ащыщ къыIукIагъэм. Ащ къыщеIо газым пае чIыфэу сомэ 1346-рэ зэрэтелъыр ыкIи ар псынкIэу къытыжьын зэрэфаер. Джащ фэдэу письмэм къыщеIо абонентым ыгу къагъэкIыжьыгъэр зимыгъэцакIэкIэ пшъэдэкIыжьэу рагъэхьыщтыр зыфэдэри. Сомэ пчъагъэу къэсIуагъэр письмэр къызыIукIагъэм фэмытышъущткIэ арэп, ытынэу зыкIыфэмыер газовикхэм телъхьапIэу ашIырэр шIотэрэзэпышъ ары. Джы шъыпкъэр тшIэ тшIоигъу.

Газэу дгъэстыгъэр къэзылъытэрэ счетчикыр унэ кIоцIым идгъэуцоныр тшIомытэрэзэу тызыкIэупчIэм къызэрэтаIуагъэм тетэу тызекIуи, бэмэ щагум дагъэуцуагъ. Джы ежьхэм коэффициент горэ агъэфедэзэ тымыгъэстыгъэ газыр къытфалъытэ, ыуасэ тагъэты.

Газым ыуасэкIэ цIыфхэм чIыфабэ зэрателъыр гъэзетым къыхиутыгъагъ. Сомэ мин пчъагъэхэр зэтезыгъэуагъэхэр щыIэх. ЧIыфабэ зэрэзэIуагъэкIагъэр тэрэзэу тлъытэзэ тыкъатхэрэп. Ары шъхьаем, газыпкIэр язымыгъэтырэр щыIэкIэпсэукIэу яIэр зэрэдэир, амал зэрямыIэр арышъ, ащи игугъу пшIы хъущтэу къытшIошIы. Арэу щытми, гушIуагъоба сомэ минипшI пчъагъэхэр цIыфхэм зэратыжьыхэрэр ыкIи тэрэзыIоп ныIа сомэ минрэ ныкъорэ имыкъум пае письмэ пхъашэ цIыфым фэбгъэхьыныр.

Щагум счетчикыр зэрэдэтым пае газыпкIэм хахъо зэрэфашIырэм еплъыкIэу фытиIэм тыкъыщыуцун. АщкIэ апэрапшIэ тыгу къэдгъэкIыжьын счетчикым пылъ паспортым къыIорэр. Адыгабзэ зымышIэрэ цIыф горэ еджэмэ тызыгъэгумэкIырэ Iофыр къыгурыIон ылъэкIынэу щытыным пае, паспортым итхагъэр урысыбзэкIэ къатIомэ нахьышIоу къытшIошIы. «Счетчик расчитан на эксплуатацию в климатических условиях, соответствующих группе исполнения С 4 по ГОСТ 12997-84 (при температуре от минус 40 градусов до плюс 50 градусов)».

Тэ тишъолъыр чъыIэр градус 40-м щехъумэ ыкIи метеогупчэм ар къеушыхьатмэ, къэлъытакIэу агъэфедэрэм тегъэпсыкIыгъэу газыпкIэр зэрэтIахырэр тэрэзэу плъытэн плъэкIыщт. Паспортым итхагъэм елъытыгъэу мы Iофым укъекIолIэн хъумэ, газыпкIэр мытэрэзэу тIахэу тэлъытэ.

IофшIакIэр цIыф къызэрыкIомкIэ гурыIогъошIоу щытын фаеу хэгъэгум ипащэхэм бэрэ къаIоми, Iофыр нэмыкI шъыпкъэу зэрэгъэпсыгъэр титхыгъэ къегъэлъагъоу тэлъытэ. Монополистыр зэсагъэр шъхьафы, ООО-у «Адыгрегионгазри» ахэм ащыщ, мылъкоу къыIэкIахьэрэр шIомэкIэ зэпыт. Мары зыпари тфамышIэгъахэми, «техническэ обслуживанием пае» аIозэ соми 180-рэ унагъо пэпчъ илъэс къэс рагъэты, ащ пае мыкIы къызэрамыкIухьагъэр тшIогъэшIэгъон. КъэзыкIухьэхэрэри адыгэ кIалэх, къуаджэм щыщых, укIытэщтыгъэх, тэри тыукIытэти яттыщтыгъ.

Титхыгъэ къыхэшъууты, тифитыныгъэхэр къэзыухъумэн фэе къулыкъушIэми тиеплъыкIэ зыгорэхэр къырежъугъэIуалIэ тшIоигъу. СтандартизациемкIэ ыкIи метрологиемкIэ Гупчэм испециалистхэм яеплъыкIэ тыщагъэгъозагъэмэ дэгъугъэ. Демократием игъогу тихэгъэгу теуцуагъэу, зытетым тетэу тыгущыIэн фаеу алъытэмэ, гъэщтэ къодыекIэ цIыфым удэлэжьэнэу зэрэщымытым икъэIогъу хъугъэ. Суд IофкIэ зэхэфыгъэн фэе Iофыгъохэр IофшIапIэмэ япащэмэ апшъэ рамылъхьажьыным, цIыф къызэрыкIом ищэIагъэ амыушэт зэпытыным, амал тэрэзхэр агъэфедэхэзэ Iоф ашIэным, бгъуитIумкIи лъытэныгъэ зэфэтшIызэ тызэдэпсэуным игъо хъугъэ.

***ЛIЫХЭСЭ Аскэр, АПЫЩ Мыхъутар, БЭЩЭКЪО Хьазрэт, ЕХЪУЛIЭ Щамсэдин, КЪОШК Хьаджэмзан, ХЪОКIО Юсыф, ХЪОДЭ Щамсэдин, нэмыкIхэу нэбгырэ 15 къыкIэтхэжьыгъэх.***

«Адыгрегионгазым» шъуиупчIэ джэуап къыретыжьы

# Хэбзэ унашъохэм тадэхырэп

ЦIыфхэм якоммунальнэ-бытовой фэныкъоныгъэхэм апае газыр аIэкIэгъэхьэгъэным и Шапхъэхэр абонентхэм агурыдгъаIо тшIоигъоу пчъагъэрэ ахэм яхьылIэгъэ тхыгъэхэр гъэзетхэм къыхятэгъэутых. Арэу щытми, газыпкIэр къаIытхы зыхъукIэ фабэр къигъэкъужьыгъэным ехьылIэгъэ коэффициентыр зэрэдгъэфедэрэм фэгъэхьыгъэ упчIэхэр аужырэ лъэхъаным абонентхэм бэрэ къатэу аублагъ. Ащ пае ООО-у «Адыгрегионгазым» джыри зэ шъугу къегъэкIыжьы физическэ нэшанэу хэлъхэм атегъэпсыкIыгъэу газэу агъэфедагъэр зыфэдизыр стандарт шапхъэхэм арыгъэуцожьыгъэн фаеу зэрэщытыр.

Стандартхэм зэрагъэнафэрэмкIэ, газэу агъэстыгъэм ыуасэ къаIытхы зыхъукIэ гъэстыныпхъэу агъэфедагъэр зыфэдизыр къэлъытэгъэным пае фабэу щыIэр градус 20-м, жьым давлениеу иIэр ртуть столбикымкIэ миллиметрэ 760-м ыкIи шынэгъакIэу жьым хэтыр процент 0-м тегъэпсыкIыгъэу гъэфедэгъэн фае. Арышъ, фабэр къигъэкъужьыгъэныр къэзымыгъэлъэгъорэ приборхэу унэ кIоцIхэм арытхэм къырадзагъэм зэхъокIыныгъэ афамышIэу газыпкIэр аIахы, сыда пIомэ ахэм къагъэлъагъохэрэр ыпшъэкIэ къыщытIогъэ шапхъэхэм адештэ пIоми хъунэу гъэпсыгъэх.

Газэу агъэстыгъэр зыфэдизыр къэзылъытэрэ ащ фэдэ приборыр щагум дэт зыхъукIэ, нэмыкI шIыкIэ агъэфедэ. Урысые Федерацием и Правительствэ 2006-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 23-м номерэу 307-рэ зытетэу ышIыгъэ унашъоу «ЦIыфхэм коммунальнэ фэIо-фашIэхэр зэрафагъэцэкIэхэрэ шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 94-рэ пункт, «ЦIыфхэм якоммунальнэ-бытовой фэныкъоныгъэхэм апае газыр аIэкIэгъэхьэгъэным и Шапхъэхэу» Урысые Федерацием и Правительствэ 2008-рэ илъэсым бэдзэогъум и 21-м номерэу 549-рэ зытетэу ышIыгъэ унашъомкIэ ыухэсыгъэхэм яя 26-рэ пункт зэрагъэнафэрэмкIэ, фабэр къигъэкъужьыгъэныр къыдэзымылъытэрэ приборхэр агъэфедэхэ зыхъукIэ фабэм ехьылIэгъэ коэффициентхэр къыдалъытэх. Техническэ гъэIорышIэным ыкIи метрологием алъэныкъокIэ уплъэкIунхэр зезыхьэхэрэ Федеральнэ хэбзэ гъэцэкIэкIо органым а коэффициентхэр еухэсых.

ГидрометеорологиемкIэ ыкIи тыкъэзыуцухьэрэ чIыопсым имониторингкIэ Адыгэ республикэ гупчэм мазэ пэпчъ телъытагъэу гурытымкIэ фабэу щыIэм ыкIи жьым ибарометрическэ давление яхьылIэгъэ къэбарэу къытыхэрэм атегъэпсыкIыгъэу коэффициентхэр къалъытэх. Мазэм гурытымкIэ фабэу щыIэм ыкIи барометрическэ давлением тегъэпсыкIыгъэу, ау хым илъэгагъэ егъэпшагъэу яIэтыгъагъэкIэ чIыпIэхэр зэрэзэтекIыхэрэр къыдалъытэзэ, Адыгэ Республикэр климатическэ шъолъыритIоу агощыгъ (хым ебгъэпшэн хъумэ, Мыекъуапэрэ Мыекъопэ районымрэ зытесхэ чIыпIэм илъэгагъэ метри 190 — 290-м нэсы, адрэ районхэр зытесхэ чIыпIэхэм ялъэгагъэ метрэ 30 — 190-м шIокIырэп). Ащ фэдэ климатическэ шъолъырхэм щагу кIоцIым щыIэ приборхэм апае мазэ пэпчъ телъытагъэу зы коэффициент агъэфедэ.

Техническэ гъэIорышIэнымкIэ ыкIи метрологиемкIэ Федеральнэ агентствэм Адыгэ Республикэм пае илъэснinfоkъо къэс фабэм ехьылIэгъэ коэффициентыр климатическэ шъолъырхэм атегъэпсыкIыгъэу егъэнафэ фабэр къигъэкъужьыгъэныр къыдэзымылъытэрэ приборхэр зыгъэфедэхэрэм газэу агъэстыгъэр зыфэдизыр стандартхэм адиштэу гъэпсыжьыгъэным пае.

Адыгеим имызакъоу, мы Iофыгъор Краснодар краим щыпсэухэрэми къаIэтыгъагъ, Iофыр судым нэсэу къыхэкIыгъ, ау суд практикэми а екIолIакIэр зэрэтэрэзыр къыушыхьатыгъ. Зигугъу къэтшIырэ коэффициентыр гъэфедэгъэным хэбзэ шэпхъэ тэрэз зэрэпылъыр къаушыхьатыгъ УФ-м и Апшъэрэ суд 2007-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 18-м номерэу КГПИ 07-184-рэ зытетэу ышIыгъэ унашъом, УФ-м и Апшъэрэ суд и Кассационнэ коллегие 2007-рэ илъэсым бэдзэогъум и 3-м номерэу КАСО 7-288-рэ зытетэу ышIыгъэ унашъом, УФ-м и Апшъэрэ суд 2008-рэ илъэсым мэкъуогъум и 11-м номерэу 18-ГО 8-13-рэ зытетэу ышIыгъэ Определением.

Арышъ, ООО-у «Адыгрегионгазым» шапхъэхэр ыукъохэрэп. АбонентхэмкIэ мы Iофым нэмыкI хэкIыпIэу иIэр щагум дэт счетчикэу агъэфедэхэрэр фабэр къигъэкъужьыгъэныр къыдэзылъытэрэ приборхэмкIэ зэблахъунхэр ары ныIэп.

***ООО-у «Адыгрегионгазыр».***

# Бгъэхалъхьэхэр аратыжьых

Джэджэхьаблэ чIыпIэ псэупIэу чылэгъуиплI къызхиубытэрэм ипащэу Уджыхъу Алый къызэрэтиIуагъэмкIэ, заом хэлэжьагъэу, ащ иветеранэу чIыпIэ коим ичылагъохэм зы нэбгыри адэсыжьэп. Къутырэу Городскоим заом иветеранэу дэсыгъэ Александр Малхасовыми гъэрекIо идунай ыхъожьыгъ.

— Ауми зэо мэхъаджэу нэмыц техакIохэм къыташIылIэгъагъэм щыфэхыгъэхэм, ащ хэлэжьагъэхэу къэкIожьыхи зидунай зыхъожьыгъэхэм ялъфыгъэхэр, акъош-Iахьылхэр, лъыгъэчъэ зэо бэлахьэм къиныгъоу къызыдихьыгъэхэр зынэгу кIэкIыгъэхэр мымакIэу непи тикъуаджэхэм адэсых, — еIо чIыпIэ коим ипащэ. — Арышъ, заом иветеранхэр тимыIэжьхэми, ащ тхьамыкIагъоу къытфихьыгъэхэм ятыркъохэр егъашIэми кIыжьыщтхэп, гууз-лыузэу къыкIэлъыкIуагъэхэр ащыгъупшэщтхэп.

Хэтырэ цIыфи зыгъэлъэшырэр, зыгъэпытэрэр кIыбдэтэу иIэр ары. Нэмыц техакIохэр зэхэкъутэгъэнхэмкIэ зишIуагъэ къэкIуагъэр хэти ешIэ — тидзэкIолIхэм акIыб дэтхэу къалэхэм, къуаджэхэм, станицэхэм адэсыгъэхэр, танкхэр, самолетхэр, нэмыкIэу фронтым ищыкIагъэхэр къэзышIыщтыгъэхэр, чIыгур зылэжьыщтыгъэхэр, ежьхэр гъаблэ егъалIэхэми, тидзэкIолIхэр гъомылапхъэ щызымыгъакIэщтыгъэхэр арых.

Джахэм афэдэхэу зэо лъэхъаным Джэджэхьэблэ чIыпIэ псэупIэм ичылагъохэм ащыпсэурэ тыловики 108-мэ ТекIоныгъэр къызыдахыгъэр илъэс 65-рэ зэрэхъурэм фэгъэхьыгъэ медальхэу къыдагъэкIыгъэхэм афэдэхэр къафагъэшъошагъэх. Ахэм афэдэ бгъэхалъхьэхэр Джэджэхьаблэ, Тэуехьаблэ, Городскоим ащыпсэухэрэм афэгушIохэзэ аратыжьыгъэх.

Джы къэнагъэр КъунчыкъохьаблI. Ащ тылым щыIэгъэ нэбгырэ 45-рэ дэс. Культурэм иунэхэу Джэджэхьэблэ коим итхэм яIофышIэхэм мэлылъфэгъум и 9-м а чылэм мэфэкI концертышхо къыщатынышъ, ащ заом илъэхъан къуаджэм щылэжьэгъэ нэбгырэ 45-р агъашIохэмэ, алъытэхэзэ къафагъэшъошэгъэ бгъэхалъхьэхэр щаратыжьынхэу ары.

Ахэм ащыщхэми ягугъу къытфишIыгъ Уджыхъу Алый. Пэнэшъу Хьисэ ылъэгуанджэ зэрытым ышъхьэ итэу зыфаIорэм фэдэу нэмыцхэр тихэку зырафыжьхэм IофшIэныр ригъэжьэгъагъ. Ыныбжь зекъум шофер сэнэхьатыр зэригъэгъоти, пенсием окIофэ Iоф ышIагъ. Ащ икъоджэгъоу ХъокIо Хьазрэти ылъэкI къыгъэнагъэп. Киномеханикыгъ, зыфагъазэрэр ышIэзэ къыхьыгъ, Рязанскэм дэтыгъэ пцэжъыехъу заводым ипэщагъ, нэужым Къунчыкъохьаблэ иадминистраторыгъ.

Джащ фэдэхэу зигугъу къэшIыгъэнхэ фаехэм ащыщых ДжэджэхьаблэкIэ Джанхъот Юсыфи, ТэуехьаблэкIэ Гъонэжьыкъо Сахьиди, ГородскоимкIэ Александр Бобриковыри. Ахэр зэпкъыгъо-лэгъухэу, аныбжькIэ илъэс 80-м къехъугъэхэу щытых. Нэмыцхэр тихэку зырафыжьыхэм ныбжьыкIэ дэдэхэу механизаторэу IофшIэныр рагъажьи, пыим зэщигъэкъогъэ мэкъу-мэщыр зыпкъ изыгъэуцожьыхэрэм ахэтыгъэх, алъэкIыфэ чIыгум аIэ хэлъызэ къахьыгъ, ящытхъуи арагъэIуагъ, бгъэхэлъхьэ лъапIэхэри къафагъэшъошагъэх. Ахэм къахэхъуагъ джы къаратыгъэ медалэу ТекIоныгъэр къызыдахыгъэр илъэс 65-рэ зэрэхъурэм фэгъэхьыгъэри.

***НЭХЭЕ Рэмэзан.***

**ТЕКIОНЫГЪЭМ ия 65-рэ ИЛЪЭС ИПЭГЪОКI**

# ЗАОМ КЪЫКIЭЛЪЫКIОГЪЭ ТХЬАМЫКIАГЪОХЭР АЩЫГЪУПШЭХЭРЭП



Теуцожь районымкIэ къуаджэу Пэнэжьыкъуае щыпсэурэ ЕхъулIэ Къутасэ бэ къэзылъэгъугъэ ыкIи зыпэкIэкIыгъэ бзылъфыгъэ Iуш. 1927-рэ илъэсым къэхъугъ. Цундышкымэ япхъу. Ятэу Сахьидэ колхозник къызэрыкIощтыгъ, ыныбжькIэ хэкIотагъэу, илъэс 49-м къехъугъагъэми, заом ащи щыфэхыгъ. Зым нахьи адрэр нахь цIыкIоу кIэлиблыр янэ къылъэхэнэгъагъ.

Ащ ыпкъ къикIэу анахьыжъэу Кукорэ Къутэсэ цIыкIоу нэмыцхэр къызэсхэм яблэнэрэ классым ихьэгъагъэмрэ янэ тхьамыкIэм ренэу IэпыIэгъу фэхъущтыгъэх. Пый мэхъаджэу къэкIуагъэр къуаджэм зэрэщыхъушIагъэри, ащ бзэджэшIагъэу щызэрихьагъэхэри непэ къызынэсыгъэм Къутасэ щыгъупшэхэрэп.

Нэмыц техакIохэр чылэм зыдафыжьхэм пшъэшъэжъыитIури еджапIэм чIэхьажьыгъагъэх, ау еджэпIапкIэ атын яIэпти къычIагъэкIыгъагъэх. Ащ ыуж Куко къоджэ Советым Iоф щишIэнэу рагъэблагъэ, етIанэ колхозэу Сталиным ыцIэ зыхьырэм икладовой тырагъэтIысхьэ. ТIэкIурэ ащ Iоф щишIагъэу, дакIоу хьэлъэкъое нысэ зыхъукIэ, колхозым ипащэхэр къыкIэлъэIухэшъ, илъэс 16 нахь зымыныбжь Къутасэ «тэ тыфэсакъыщт, тыдеIэщт» янэ къыраIошъ, ышыпхъу нахьыжъ ычIыпIэ 1943-рэ илъэсым рагъахьэ.

А илъэсхэр къиныгъэх. Зэоужыгъ. ЦIыфмэ яIэжьыгъэ щыIагъэп. Ащ къыкIэлъыкIуагъ гъэблэшхори. Джа лъэхъэнэ къинхэм укладовщикыныр псынкIэгъуагъэп. ЦIыфхэми уишIуагъэ ябгъэкIын, кладовоим къихьэрэ тIэкIуми уфэсакъын, ащкIэ уипшъэрылъхэр бгъэцэкIэнхэ, пащэхэми загурыбгъэIон фэягъэ. Джахэр ыпшъэ ригъафэхэзэ, а IэнатIэр илъэс зыбгъупшIэ ыгъэцэкIагъ пшъэшъэжъые ныбжьыкIэм.

— Тхьамэтибгъумэ Iоф адэсшIагъ, — еIо Къутасэ. — Илъэс къэс зэблахъущтыгъэх. Гъэсэныгъэ зиIэхэр мэкIагъэ. Ауми анахьыбэрэ тетыгъэхэу зыцIэ къесIощтхэр Хъут Исмахьил, Хьэнахъокъо Сэфэрбый, Гъонэжьыкъо Къэсэй.

1947-рэ илъэсэу анахь зыщыгъэблэшхуагъэм Къутасэ унагъо ехьэ. Шъхьэгъусэ фэхъугъагъэр бгъэхэлъхьэ лъапIэхэр зыбгъэ хэлыдыкIыхэу заом къикIыжьыгъэгъэ ЕхъулIэ Сэфэр. Ащ IофшIэнымкIэ енэкъокъугъуаеу щытыгъ, иунагъо дэлэжьэнымкIэ, янэ-ятэхэм къинэу алъэгъугъэр аригъэIотэжьыным фэшIыкIэ зышъхьасын щыIагъэп. Ащ дыригъаштэу лажьэщтыгъ кIэлэцIыкIу садикым пащэ фашIыгъэ Къутаси. Нэужым игуащи, ипщи аныбжькIэ хэкIотагъэхэу, унаIэ атебгъэтын фаеу, ежьыри сабыйхэр зэкIэлъыкIохэу къыпыфэхэ зэхъум хэбзэ IофшIэныр ыгъэтIылъыжьи, кIалэхэм япIун зыфигъэзэжьыгъагъ.

Сэфэррэ Къутасрэ унэгъо дахэ зэдашIэнэу янасыпи, яамали, яакъыли къыхьыгъ. НэбгыритIумэ лъфыгъий зэдагъотыгъ, IофшIэнымрэ адыгагъэмрэ ягунэсхэу зэдапIугъэх, дэгъоуи рагъэджагъэх. ЗэкIэри цIыфышIухэу, хэбзэ IофхэмкIэ чанхэу щытых, унагъохэри яIэх. Амирэ благъэу тымышIэрэми, игугъу дэгъу ехъукIэ зэхэтхырэп. Мыекъопэ ДСУ-3-м иинженер шъхьаI, Урысыем изаслуженнэ псэолъэшI.

Япхъуиблымэ ащыщэу плIыр нахь благъэу сэшIэх. Хъаджэт Шэндыкъо дэтыгъэ былымгъэпщэрыпIэ совхозым иагроном шъхьаIэу сызыщэтым бухгалтерием щылажьэщтыгъ. Дэхэнагъо тиныбджэгъу нахьыкIэу Шэртэнэ Алый ишъхьэгъус, имыхьамели сшхыгъэ. Марыет цIыф бэдэдэ мафэ къэс къызэолIэрэ райгазым икассирышъ, ищытхъу ехъу аригъаIорэп. Щамсэт тэ НэхаехэмкIэ тинысэ, район администрацием щэлажьэ. Джащ фэдэу хъупхъэх, IорышIэх, зыхэхьагъэхэм, зыдэлажьэхэрэм агурэIох Гощнагъуи, Хъарыети, Саиди.

Къин макIэп зигугъу къэтшIырэ Къутас ылъэгъугъэр. Ишъхьэгъусэу Сэфэр пасэу идунай зэриухыгъэм ыгу къегъэцIыкIу. Ау илъфыгъэхэр, ахэм къакIэхъухьагъэхэр ыдэжь къызыкIохэкIэ, зэкIэ зэо-гъэблэ лъэхъанхэри, нэужыми къиныгъоу зыIукIагъэхэри щагъэгъупшэжьых.

Игуапэхэм ащыщ пшъэшъэжъые ныбжьыкIэ дэдэу IофшIэныр ригъажьи, лIыжъхэу нэмыц техакIохэм зэщагъэкъогъэ мэкъу-мэщыр зыпкъ изыгъэуцожьыгъэхэм ахэтэу Iоф зэришIагъэр хабзэм зэрэзэхишIыкIыгъэр, кIэлабэ зиIэ ным къинэу ылъэгъугъэм уасэ къызэрэфишIыгъэр. Ащ ишыхьат 1958-рэ илъэсым «Медаль материнства» зыфиIорэр, 1965-рэ илъэсым орденэу «Материнская слава» зыфиIорэр къызэрэратыгъэхэр. 2000-рэ илъэсым ным и Мафэ ехъулIэу медалэу «Адыгеим и Щытхъузехь» зыфиIорэри къыфагъэшъошагъ. ИIэх медальхэу «IофшIэным иветеран», ТекIоныгъэр къызыдахыгъэр илъэс 50, 60, 65-рэ зэрэхъугъэхэм афэгъэхьыгъэхэр.

ЕхъулIэ Къутасэ «Адыгэ макъэми» иныбджэгъушIоу къычIэкIыгъ. Ащ фэшыхьат ыгу рихьырэ тхыгъэхэр къызэрыхьэгъэ гъэзетхэр мымакIэу ыгъэтIылъыгъэхэу зэриIэхэр. Ахэм ахэтых ежь фэгъэхьыгъэхэр илъэс зэкIэлъыкIохэм къызэрыхьэгъэ номер зытIури. Ежь къызэриIуагъэу, лъэпкъ гъэзетыр ренэу яунэ къехьэ, непэ къызнэсыгъэми ар къызщахьыщтым ежэ щыс, зэ еджэми ригъэкъурэп, ыгу рихьыхэрэр егъэтIылъхэшъ, етIани кIеджыкIыжьых. «Синасыпышъ «Адыгэ макъэр» къыдэкIы. Ащ сищыIэныгъэ лъегъэкIуатэ», — икIэухым къытиIуагъ ащ.

Джы мы тхыгъэр къэдгъэхьазырынэу зыкIэхъугъэри къэтIон. Ежь Къутасэ иIэпэрытхэу ТекIоныгъэр къызыдахыгъэр илъэс 65-рэ зэрэхъурэм ипэгъокIэу икъуаджэу Пэнэжьыкъуае нэмыцхэр къызыдэхьэхэм хэбзэнчъэу зэрэщызекIуагъэхэм, ащ жъалымыгъэу щызэрахьагъэхэм, цIыфхэм къинэу щарагъэлъэгъугъэм афэгъэхьыгъэ тхыгъэ Мыекъуапэ сагъэхьынэу къызысатыр ары. Сызеджэм ижабзи, икъэIотакIи сыгу рихьыгъ, ау щысэхэр хэтыгъэхэп. Арыти, ыдэжь сыкIуи, итхыгъэ хэхъоныгъэхэр фэсшIыгъэх.

— Пэнэжьыкъуае егъашIэми район гупчэу, чылэ гъунэгъухэри къепхыгъэу щытызэ къехьы, — еIо Къутасэ. — ДэхэцIыкIоу тэпсэу, тэлажьэ тIозэ, 1941-рэ илъэсым нэмыц техакIохэр тикъэралыгъо къытебэнагъэх. А лъыгъэчъэ заоу илъэситфэ кIуагъэу, тицIыфыбэ, тимылъкубэ зыхэкIодагъэм итыркъохэр непэ къызнэсыгъэм тфэгъэкIыжьхэрэп. Арышъ, а лъэхъаным, нэмыцхэр Пэнэжьыкъуае къыдахьэхи, мэзихэ зыщэхъушIэхэм дэхъухьагъэхэр зэкIэми ашIэми, ТекIоныгъэр къызыдахыгъэр илъэс 65-рэ зыщыхъурэм джыри зэ агу къэзгъэкIыжьы сшIоигъу. МэшIо лыгъэр аIутэкъоу къыдэлъадэхи, зым ищагу, адрэм ихатэ бомбэхэр къыдадзэхэзэ, цIыфхэр агъэщынэщтыгъэх. Ежьхэм зэкIэ къафэнэжьыгъэм фэдэу райисполкомыри, еджэпIэшхори, нэмыкI IофшIапIэу дэтыгъэхэри зэлъаубытыгъэхэу ачIэсыгъэх. Пый мэхъаджэм ымышIэнрэ зэблэнэрэ щыIагъэп.

**Корр.:** Ащ фэдэу бомбэхэр зихатэ къыдэфэгъагъэхэм ацIэ къеIоба.

**Е.Къ.:** Зэрамыку Мыхъутари, Хьахъужъэкъо Шумафи, нэмыкIхэми яхатэхэм бомбэхэр къадэфагъэх. Джащ фэдэу чылэм дэхъыкIыгъэр бэ. Окопхэр зэкIэмэ яIагъэх. Щынагъо къэхъумэ ахэм тачIэпшыхьажьыщтыгъэ. Ащ фэдизым тянэ тхьамыкIэр (кIэлиблэу тыриIагъ) къытажэти, ежьыри къытхэтIысхьажьыщтыгъ.

— Нэмыцхэр къэсыхэ зэхъум районым ипэщагъэхэр партизан отряд зэхащи мэзым хэхьажьыгъагъэх. Чылэм дэкIынхэ зэхъум пыим зэрырамыгъэгъэфедэщтым фэшI шъхьалыри, дэгъэшI заводыри агъэстыгъагъэх. А лъэхъаным сыныбжьыкIагъэми, отрядым хэтыгъэхэу зигугъу къашIыщтыгъэхэм ащыщхэр сщыгъупшэхэрэп. Ахэр Кулешовыр, Пщыхъожъыр, Цундышк Хьисэ, Iэшъынэ Ахъирэ, БатIышъ Ахъирэ, Чэсэбый Пыикъо, нэмыкIхэри. Партизанэу мэзым хэсыгъэхэм чэщи мафи яIагъэп, пыир агъэрэхьатыщтыгъэп.

**Корр.:** Партизанхэм ащыщхэр нэмыцхэм къаубытыгъагъэхэу, аукIыгъагъэхэу зэраIорэр шъыпкъа?

**Е.Къ.:** Шъыпкъэ. Къаубытыгъэ типартизанхэм машэр арагъэтIи аукIыхэзэ рагъэфэжьыгъэх. Ар зыщыхъугъэр къутырэу Кочкиным укIо зыхъукIэ ИкIыгъожьыер зыфаIорэм дэжь. Тыгъэгъэзэ хьасэу Iуамыхыжьыгъэм хащэхи аукIыгъагъэх. Нэбгырибл хъущтыгъэх. Нэмыцхэр чылэм зыдафыжьхэм ку пчъагъэкIэ кIохи, къычIахыжьыхи, ПкIэшъэ Iушъо Iут тикъэхалъэ щагъэтIылъыжьыгъэх, мыжъо сыни тырагъэуцуагъ. Ау гукъаор хабзэм ылъэныкъокIэ ащ зи зэрэпымылъыжьыр ары.

Нэмыц техакIохэм зашхыхьажьыщтыгъэ, Пэнэжьыкъуае ахэм мыхъо-мышIэу дашIыхьагъэр ащ щыухыгъэ хъурэп. ЫпшъэкIэ къызэрэщысIуагъэу, полицаеу чылэм дэсыгъэр дэфэжьыщтыгъэп. ПартизанкIэ е ахэм адэлажьэкIэ зэгуцэфэрэ цIыфхэр щыпалъэнэу тикъуаджэ игупчэ ит паркым идэхьапIэ дэжь пылъэпIиплI щагъэпсыгъагъ.

**Корр.:** Ащ щыпалъагъэхэм уащыгъуазэмэ тыгу къэгъэкIыжьхэба? А хьэкIэ-къокIагъэр зезыхьагъэхэр зэрэпсэугъэхэр ренэу уумысыныр яфэшъуаш.

**Е.Къ.:** Мы зигугъу къэсшIыщтыр зымышIэрэ районыр хэгъэкIыри, адыгэ шъолъырыми исынэп. КъэсIотэщтыр сэ слъэгъугъэу щытэп. Тэщ фэдэ ныбжьыкIэхэр хэгъэкIыри, акъошIахьылхэри, ныбжьышхо зиIэхэри рагъэкIолIэгъагъэхэп. Ау чылэм щыхъугъэ гухэкI тхьамыкIэгъо къэбарыр псынкIэу унагъо пэпчъ лъыIэсыгъагъ. ПылъапIэр хъурэябзэу нэмыцхэм ямызакъоу, ахэм адэлэжьэрэ жандармэхэмкIи къэдзыхьэгъагъ. Ащ уекIолIэн плъэкIынэу щытыгъэп.

Палъэнэу щытыгъэр нэбгыриплI: Сорокинхэм яунагъорэ (янэрэ ыпхъуитIурэ) Очэпщые щыщ бзылъфыгъэу кум кIэпсэшхокIэ пышIагъэу къыращэлIагъэмрэ. Сорокинхэр палъэ зэхъум ящэнэрэр къыпызыжьыгъагъ, ащ пае къэмынэу а бзылъфыгъэр полицаим пилъэжьыгъ.

Мы бырсыр лъэхъаным очэпщые бзылъфыгъэу кум исэу чэзыур къызынэсынэу щытым полицайхэм ащыщ екIуалIи: «Сыд узпэсыр. Мы чIыпIэм пшъхьэ Iух», — къыриIуагъ. Адрэми къэущыгъэм фэдэу зыкъипхъуати, гу къызIэпишIыхьи, мыдрэхэр бырсырэу зигугъу къэтшIыгъэм хэтыфэхэ, икIэлэцIыкIуи ыIыгъэу унэ къогъухэмкIэ чылэм хэхьажьи, зыми къыубытыжьыгъэп.

Зэо лъэхъаным пый мэхъаджэм мэзихэ тызеIыгъым тичылэ гупсэу Пэнэжьыкъуае нэмыцэу, ахэм къадеушъэкIыхэрэм афэдэхэу дэсыгъэхэм афэдиз нэмыкI къуаджэ горэми щымыIагъэу къысщэхъу. Ахэр район гупчэм икъулыкъушIапIэщтыгъэхэм ачIафэщтыгъэхэп. А пстэум ашхыщтыр чылэм къыдэкIын фэягъэ. ЕтIани ахэр къыоупчIыжьынхэу, яптырэм къезэгъынхэу щытыгъэхэп. Ежьыхэми зыфаеу алъэгъурэр (мэлыми, чэтыми, чэмыми) аубытыти дащыщтыгъэ. Зыгорэ япIон уфитыгъэп, уаукIыщтыгъэ. ЧIыгур аштагъэти, зэкIэ тетыри, къуаджэм дэтыри, дэсыри, дэлъыри ежьхэм яеу къащыхъущтыгъ.

Джаущтэу псэухэзэ, унэгъо тхьамыкIэхэм зи ямыIэжьэу къагъэнэгъагъэх. Ащ нэужым цIыфхэм зыкъаIэтыжьын, яунагъохэр зыпкъ рагъэуцожьынхэ амылъэкIызэ гъэблэшхори а бэлахьэм къыкIэлъыкIуагъ. 1943-рэ илъэсым колхозым икладовщикэу сыщытыгъэти, а тхьамыкIэгъо отэрэу сикъоджэгъухэр зыхэтыгъэхэр, ахэм ащэчыгъэ бэлахьэр зыфэдагъэр сынэгу кIэкIыгъ. Алахьым чэщ къэси селъэIу ащ фэдэ гузэжъогъу къыткIэхъухьэхэрэм аримыгъэлъэгъужьынэу.

ЦIыфхэм ашхын зэрямыIэжьым ыпкъ къикIэу зыгъэлIэнхэ ылъэкIыщт уц лъапсэр агъэфедэщтыгъэ. Гъаблэм ыгъэлIэрэ тхьамыкIэхэр фыгукIэ горэ аIуфэным щыгугъыхэу пчэдыжь нэфшъагъом кладовоим къакIощтыгъэх. Ащи илъ хьатэ гущи щыIэщтыгъэп. Макух, шрот кухьэ горэ къащэмэ, ащ лъыпытэу зэбгырахыщтыгъ.

Мафэ горэм шрот кухьэ къащагъ. Ау ащ мыжъуи, апчи хэмылъыжь щыIэпышъ «цIыф епты хъущтэп, ыгъэлIэщт» аIуи къысфагъэпыти, зыгорэ зыхъукIэ хьапс сызэрашIыщтыри къысаIуи, актхэри экземплярищэу зэхагъэуцуи сыкIагъэтхэжьи, колхозыми сэри зырыз къытфагъани, ежьыхэми ящэнэрэр зыдаштэжьи кIожьыгъэх. Бэ темышIэу кIэлабэ зиIэ бзылъфыгъэ горэ щалъэр ыIыгъэу къэкIуагъ. «СикIалэхэр гъаблэм егъалIэх, зэхэгъолъхьагъэу щылъых, мы къащагъэм щыщ къысэт, сымыхьэуи сыкIожьыщтэп», — еIо. Сэрэу плъэгъурэм естын сыфитэп, сыкIагъэтхэжьи дэкIыжьыгъэх, зыгорэ къяхъулIэмэ сагъэтIысыщтышъ сэщынэ. Бэрэ тызэнэкъокъугъэу, столэу щытым бзылъфыгъэр къыкIэкIэIункIи къыIуигъэкIоти, къыдэхьагъ, щалъэм из ышIи кIожьыгъэ. Сыгъызэ сыкъэкIожьыгъ, чэщ реным сычъыягъэп. ЫгъэлIэнхэм сытещыныхьагъ. Нэф зэшъым сыдэIуашэзэ сыдэкIыгъ. ЗэкIэ рэхьат зэхъум сыгушIожьыгъагъ. Ащ фэдэ тхьапш тапэ къикIыгъэр. Ащ фэдиз бэлахьэр къытфэзыхьыгъэр лъыгъэчъэ заоу нэмыц техакIохэм къыташIылIэгъагъэр ары. Джары тикIэлэ ныбжьыкIэ миллион пчъагъэ унагъо ашIэнэу игъо имыфэхэу зыхэкIодагъэр. Непэ къызынэсыгъэм зилIыхэр, зятэхэр, зышыхэр фэхыгъэхэр мэшъыгъох. А зэо мэхъаджэм щыфэхыгъэхэр егъашIэми зыщыдгъэгъупшэхэ хъущтэп. Ахэм джэнэт лъапIэр Тхьэм къарытынэу тафэлъэIо зэпытын фае.

Заом псаоу къыхэкIыжьыхи, унагъо ышIэжьынэу зинасып къыхьыжьыгъэхэри макIэп. Ау ахэми заом бэлахьэу щащэчыгъэм, тыркъо мыхъужьынэу къатырищагъэхэм апкъ къикIыкIэ ядунай пэсащэу ахъожьыгъ.

Заом иветеранэу къэнагъэр макIэ. ТекIоныгъэр къызыдахыгъэр илъэс 65-рэ зыщыхъурэм ахэми, шъузабэхэми, тылым щыIагъэхэми хабзэми, тэри тфэлъэкIыщтыр афэтшIэныр, агу къыдэтщэеныр, фэхыгъэхэм ясаугъэтхэм митингхэр ащызэхэтщэныр, къэгъагъэхэр акIэрытлъхьаныр, ахэр шIукIэ, дахэкIэ тыгу къэдгъэкIыжьынхэр типшъэрылъ.

*ДэгущыIагъэр*
***НЭХЭЕ Рэмэзан.***

Сурэтым итхэр: **ЕхъулIэ Сэфэррэ Къутасрэ.**

**ТЕКIОНЫГЪЭМ ия 65-рэ ИЛЪЭС ИПЭГЪОКI**

# Партизаным ичэщIус

**ПЭНЭШЪУ Хьазрэт**

## Iотэжь

Нардомым ипчъэ къызэрэIуахэу, кIэлэцIыкIухэу къачъыхьэзэ унэ кIыхьэ кIыбым щыджэгущтыгъэхэм янэплъэгъу къыпэшIофагъ сыхьатым къехъугъэу полицайхэр зыпыухьэгъэ партизаныр ынэпкъ-пэпкъ зэхэкъутагъэу къызэрэчIащыгъэр. Шхонч къэщагъэр ыIыгъэу полицаир ыуж ит. КIалэхэм мыщ дэжьым яджэгун зэпагъэугъ. Агу зыфэгъурэ партизаным фэрэзагъэх: шъэфэу шъхьангъупчъэм екIошъылIэхэти (тIэкIу тешIэ къэс ар зыгорэм пшъэрылъ фашIыщтыгъ), хъурэр зэрагъашIэщтыгъ. Сыд зырашIи, партизаным зи къафиIуагъэп. Джы мары хьамбарым радзэнэу ащэ. Ащ фагъэзагъэр уIагъэу телъхэм сэкъатныгъэ ахэзыхи, кIэлэ быным къыфэзыгъэззэжьыгъэ тичылэлIыр ары. Тичылэ кьодыя, тимахъулъэу Мос. Партизаным еуагъэхэр нэмыкIыгъэх. ПлъакIоу дгъакIощтыгъэхэм ари агъэунэфыгъ. А зымкIэ Мосэ фэразэхэм зыкъысфагъэзэгъагъ: «КIо, ыуж ихь, амал иIэмэ егъэтIупщыжь...» Нахь IушыIоу тхэтыхэм пшъэрылъ къысфашIыгъ: «Ар зыдатIупщыжьын щыIэп, ау тхьамыкIэм чэщIус фыуигъэхьынэу елъэIу. Сыд пIуагъэми шъуимахълъэ. Ядэжь окIо, чэщырэ укъыщыIэуи къыхэкIы...»

Синыбджэгъу гукIэгъушIэхэм гу къызIэпысагъэшIыхьагъ. Нардомым иджабгъукIэ къэзыгъэзэрэ гъогум зэрэтехьэхэу, партизанымрэ Мосэрэ ауж силъэдагъ. СазэрэкIахьэу, селъэIоу сыфежьагъ:

— Мос, Тхьэм пае, мы партизаныр тIупщыжьыба!

— Армэ гъэшIэгъонхэр къэоIо о, уатIупщыжьынэу нэмыцмэ уаубытына!

ТIэкIу кIотагъэхэу, зиплъыхьзиплъыхьи, иджыбэ иIэбэжьыгъ, хъэдэн фыжь къысфищэигъ:

— Ма, партизаным ет, ынэгу лъэу телъыр тырерэлъэкIыкI.

Чэфым тамэ къызгуигъэкIагъэу, партизаным сечъэлIагъ: «Возьмите тряпку...» — есIуагъ.

Къытфэразэу, зэ къызэплъэкIи, ыпэ ригъэхъугъ. Хьамбархэр чыжьагъэхэп. ТыкъэсынкIэ метрэ шъэныкъо нахьыбэ къэмынагъэу Мосэ зыкъысфигъэзагъ: «Сауж икI... Зыкъямыгъэлъэгъу... Тхьачэт къэфыжьыгъо мэхъу. Уянэжъ къыплъэхъоу къычIэкIын».

Мосэ къыIогъэ гущыIэхэм чIэгъчIэлъыгъэу ахэлъыгъэр мыщ дэжьым къэсыубытыгъ. Хьамбархэм тиунэ апэблэгъагъэти, сыкъечъэжьэжьыгъэ фэдэу зысшIыгъ. Мосэ хьамбархэм захэхьэм, псынкIэу чэу къогъум зестыгъ, хьамбарэу партизаныр зычIидзагъэр зэзгъашIи, тадэжь сыкъэсыжьыгъ.

— Нына, нына! — сэIо, жьы къысIумыкIыжьэу. — Партизан тхьамыкIэр хьамбарым чIадзагъ. Мос ары шхончыр тещэягъэу къэзыщагъэр.

— Фиты гущ пшIошIа ышIэнымышIэным, фэмыхъоу полицайхэм ахагъэхьагъ.

— Нына, ошIа сэ Мосэ къысиIуагъэр: «Зыкъямыгъэлъэгъу... Тхьачэт къэфыжьыгъо мэхъу...»

— Е-о-ой, ео-ой, зэо мыгъу! — тянэжъ хэщэтыкIыгъ. — Тхьачэт закъохэм ар афэгумэкIыгъэп.

Тигупшысэхэр зэрэзэтефэхэрэм сигъэразэу, сянэжъ ыкуашъо зезгъэпкIыгъ.

— КъызгурыIуагъ, къызгурыIуагъ, — ыIуи партизаным пае чэщIусыр ыгъэхьазырэу фежьагъ.

Къоегъугъ, лыгъэгъугъ, хьалыгъу бзыгъэ заул аIоу хъэдэн къабзэм къыкIоцIищыхьагъ. Къысхэмыщынэу мэлышъом хэшIыкIыгъэ джэдыгоу сщыгъым ригъэкIугъ. АдыкIэ сшIэн фаем дэгъоу сыщыгъозагъ. Титхьачэтхэм хьамбархэр якIуапI, пхъэ пыхыкIыгъэ лъагэхэу ахэр зытетхэм ощх къещхы хъумэ якIух, упхъохэу алъапсэ етых, есых, щыкIэцIыхэуи къыхэкIы. Хьамбар джэхашъом шъуаехэм гъуанэу фашIыгъэхэм коцыр, натрыфыр къарэтэкъу, титхьачэтхэм яшIугъожь. ПэсакIор бэрэ къахэо шъхьаем, нэдэплъыпIэ зэрагъотэу хьамбарчIэгъ зашIыжьы. ЗызагъэшхэкIыхэкIэ, къаохэу чIэсых. Чы кIыхьэ сIыгъэу хьамбар чIэгъым сычIэпшыхьэ, сымакъэ згъэIузэ, къычIэсэфыжьых.

Ау непэ адрэ мафэхэм афэдэп. Къэрэгъулэр ухэтми къыплъыплъэнэу хъущт. Аущтэу щымытыгъэмэ, партизаныр зычIадзэгъэ хьамбарым ипчъэу IункIыбзэкъэбышхо зыIулъыр зэпагъошъ, чэщIусэу фэсхыгъэр зэкIэ зэетэу ептын плъэкIыщт. Ар сэшIэшъ, Мосэ игущыIэу «зыкъямыгъэлъэгъу» зыфиIуагъэр зыщызгъэгъупшэрэп. Сакъыныгъэу, тхьагъэпцIыгъэу щыIэр зэкIэ згъэфедэн сигухэлъ.

Сыдми тхьачэткъэфыжь сежьагъ. Къызыхэсымыгъэщэу, орэд тIэкIу хэсIукIызэ, хьамбархэм алъэныкъо зесэгъэхьы. Къэрэгъулэр сымылъэгъугъэми, пчъэм сыIухьанэу ескугъэп. Джа бэрэ зэрэсшIэу, сыкъызэралъэгъоу, зысыуфэзэ хьамбарэу партизаныр зыдэсым сычIаплъэщтыгъ. Зи слъэгъугъэ щымыIэми, «кур, кур» сIозэ, хьамбар чIэгъ зысшIыгъ. Зысыушъэфи тIэкIурэ сыщылъыгъ. Зи лъэмакъэ къэмыIу зэхъум, чы кIыхьэу сIыгъыр къэсыуфи, ыпакIэкIэ гъуанэм изгъэщэягъ, партизаным гу къылъитэнэу. Бэрэ пэмылъэу къыIухьагъ: «Кто это?» — ыIуи, къэупчIагъ. «Это я, кто тряпку давал... Возьмите ужин, партизан», — есIуагъ. Къыфэсхыгъэр зэкIэ зырызэу IэкIэзгъахьи, сыкъычIэпшыжьынэу сызыщежьэным партизаным ымакъэ къызэхэсхыгъ: «Спасибо, мальчик, спасибо всем»...

ТIэкIу тешIагъэу нэмыкI хьамбарэм упхъохэу, шыпэхэу акIэрыт титхьачэтхэр къэсфыжьыгъэх.

Пчыхьэ реным партизан тхьамыкIэм игугъу фэшъхьаф тшIыгъэп. Гъолъыжьыгъом сянэжъ къыIуагъ: «УнэшIу щыгъафи, си Алахь, ямыгъэукI»... Джар титхьалъэIоу зэрэбынэу тыгъолъыжьыгъ.

Партизан тхьамыкIэр ятIонэрэ пчэдыжьыми нардомым ащагъ. Джыри бэрэ пыухьыгъэх, ау сыд къызырашIи, зи къафиIуагъэп. Нэмыцхэм агу къижъэжьыкIыщтыгъ. Партизаным зэрэфимыкъухэрэм паекIэ арэп. Тидзэхэм акIуачIэ зэкIаугъоягъэу, Пшызэ шъолъыр шъхьафит ашIыжьыныр яунашъоу къызэрежьагъэхэм шъхьэхыжь-псэхыжьхэу ригъэчъэжьэнхэм ищынагъо зэщифыщтыгъэх.

Краснодарырэ Мыекъуапэрэ азыфагу чъыг шъхьапэмэ защахъоба пIонэу истребительхэр щэбыбых. Топ омакъэхэри гъуахъохэу къэIух. Къуаджэм дэс нэмыцхэм къырачъыхьакIы: «Шнель, шнель!» — фэшъхьаф зэхэпхыжьырэп.

Ыпэрэм нахьи нахь лъыкъпсыкъэу партизан тхьамыкIэр нардомым къычIащыгъ. Шхонч къэщагъэр ыIыгъэу джыри Мосэ ыуж ит. Чылэ кIыбым щыIэ гъуим екIурэ гъогум зыратыгъ.

МыдыкIэ машинэр машинэу, мотоциклэр мотоциклэу, шыур шыоу фашистмэ ашъхьэ рахыжьэжьыгъ. Партизаныр хэт шIоIофыжьыни!

Фашистхэу рафыжьхэрэм гъогур афикъущтыгъэпти, гъогубгъум готыхэу партизанымрэ Мосэрэ гъуим хэхьагъэх. ТIэкIу кIотагъэхэу, Мосэ макъэ ышъыгъ: «Стой, партизан!» Партизаныр къызэтеуцуагъ. КъэлъаIоу ынэIу къыгъэзагъэп. Мосэ гъогу лъэныкъоу жъуатэрэм инэплъэгъу тыридзагъ. ТIэкIурэ дэIуагъэ. Зи щыIэп. «ШъукъыздимыкIыжьын шъуифагъэкIэ сенэгуе», — ыгукIэ зэриIожьыгъ.

Партизаныр къызэрежэрэм игупшысэ тыригъэугъ.

ЕтIанэ ымакъэ къызэрихьэу куугъэ: «Ну что, партизан! Считай, что ты в рубашке родился! — шхончыр дигъэзыий, щитIоу дэлъыр кIыкIыкI ригъаIоу ригъэкIыгъ. «Сыхьатмафэ о тигъэфэжь, си Тхьэ лъапI», ыIуагъ нахьышIум щыгугъэу.

# Тхылъ зэгъэзэфагъ, шIуагъэ къытыщт

«Къытферэпс ренэу тыгъэр». Джары зэреджагъэр Мамхыгъэ щыпсэурэ бзылъфыгъэу Хьагъундэкъо Щамсэт итхылъэу бэмышIэу къыдэкIыгъэм.

Ары, тыгъэр къепсымэ — тидунай мамыр, тыгъэр къепсымэ — щыIэныгъэр гушIуагъо, тыгъэр къепсымэ — дунаир рэхьат, чэфыгъо.

Тхылъэу тапашъхьэ илъыр дахэу гъэкIэрэкIагъэ. Ащ ыкIышъо тыгъэ фабэу къепсырэм итеплъэ, тыгъэгъазэхэу сэлам фабэр къэзыхыхэрэм фэдэхэр тетых, мамыр чэфыгъо горэхэр гум къырелъхьэ, тхылъым тшIуабэ дашIэу тылъэIабэ. АщкIэ тыхэукъуагъэп тшIошIы.

Апэрэ нэкIубгъор къызэIуехы тхылъым иредакторэу, УФ-м ижурналистхэм я Союз хэтэу Мамырыкъо Нуриет игущыIапэу «Насып Iахь» зыфиIорэм. Зыми хэмыкIуакIэу, еплъыкIэ-екIолIэкIэ гъэшIэгъонхэр къыфигъотызэ Нуриет авторым тыфегъэнэIуасэ ыкIи зыфэдэм тынаIэ тырытегъадзэ.

Ары, тхылъыр дэгъоу, екIоу зэгъэзэфагъэ. Адыгэмэ «хэбдзыни, хэплъхьани щыIэп» зыфаIорэм фэд. Арын фае, ытхыгъэмэ джыри тямыджэзэ, шъхьэу зэрэзэтеутыгъэхэм яшIуагъэкIэ, тхакIом идунэеплъыкIи, шIугъэу, дэхагъэу илъэпкъ, ихэгъэгу афыриIэми гу алъыттэнэу зыкIэхъурэр. Лъэпкъыбзэр, лъэпкъ культурэр, лъэпкъ шэн-зэхэтыкIэхэр ыгукIэ зэхэзышIэхэу, зилъапIэхэу Щамсэт зэрэщытыр пэублэ псалъэм къыщиIотыкIыгъ. Щамсэт къоджэдэс бзылъфыгъ, ежь фэдабэм ящыIэныгъэ мыпсынкIэ фэд гъогоу къыкIугъэри, арэу щытми, ыусыгъэу, ытхыгъэ щыIэмэ ымыгъэкIодэу тхылъ зэришIыгъэр дэгъоу ышIагъ. Иусэхэм зэфагъэр къахэщы, щыIэныгъэр къащыреIотыкIы. Хьагъундэкъо Щамсэт ищыIэныгъэ ыкIи итворчествэ дэгъоу тырищэлIагъ, къытфызэхифыгъ редакторым ипсалъэ. Сэ сишIошIыкIэ, Нуриет ащкIэ «тхьауегъэпсэу» къылэжьыгъ ыкIи епэсыгъ.

Тхылъыр мыщ фэдэу шъхьэхэмкIэ зэтеутыгъ: **«Хэгъэгур, лъэпкъыр, щыIакIэр»**, ащ къыкIэлъэкIо **«Прозэр»** ыкIи **«КIэлэцIыкIухэм апае усэхэр, къэбар кIэкIхэр»**. Усэхэу **«Адыгэр мэпсэу»**, **«Силъэпкъы дышъ»**, **«Си Хьатыгъужъыкъуай»** зыфиIохэрэм апэрэ нэкIубгъохэр къызэIуахых.

Хьагъундэкъо Щамсэт илъэпкъ, илъэпкъыбзэ, къызыщыхъугъэ икъуаджэ, иятIонэрэ къуаджэу Мамхыгъэ афэгъэхьыгъэ усэхэр дахэу зэпигъэщагъэх.

*Силъэпкъы дахэу дышъэ къутас!*
*Зищытхъур инэу, зигугъэр лъагэ.*
*Усэу пфэстхыщтым сыкъыпфеус,*
*Сыгу ихъыкIырэр сэ къысфэмыIу.*
*(у. «Силъэпкъы дышъ», н. 13).*

Иусэхэу **«Нысэщэ джэгу»**, **«Адыгэ пщынэр»**, **«Адыгэ пшъашъ»**, **«Напэр»**, **«Бзылъфыгъ»**, **«Ти Налмэс»** зыфиIохэрэм адыгэ шэн-хабзэхэр Щамсэт къащегъэгъунэ. «Къытферэпс ренэу тыгъэр» зыфиIорэ итхылъ авторым ежь пэблагъэхэу, адыгэ лъэпкъым ищыIакIэ зыгъэдахэхэрэм ыкIи зыгъэдэхагъэхэм зэрилъэкIэу ащыфэусагъ. Пстэуми апэ ригъэуцуагъ хэгъэгушхом пае зыпсэ емыблэжьыгъэу, ичIыпIэгъоу **Андырхъое Хъусен.**

*ИцIыкIугъом щегъэжьагъэу,*
*ЛIыгъэ хэлъэу къэтэджыгъ.*
*Усэ цIыкIухэр кIиIукIэу,*
*Фэрзэ ныбэ дэтыгъ.*
*Ыбзэ икъэбзагъэ,*
*ПсынэкIэчъ шъыпкъагъ,*
*Ыпшъэ ащ ифагъэр,*
*ЛIы шъыпкъэм ишапхъ.*
*(у. «Хъусен», н. 27).*

Ащ къыкIэлъэкIо **«Упсау, о, Налбый!»** зыфиIоу, зэлъашIэрэ усакIоу Къуекъом фэгъэхьыгъэр.

*Къуекъоу, о, ти Налбый!*
*Гу минмэ уакъырынагъ.*
*УишIуагъэ фэныкъом ебгъэкIэу,*
*УигъашIэ баеу къэпхьыгъ.*
*(у. «Упсау, о, Налбый!», н. 29.)*

**«МыкIодыжьын лъэуж»** зыфиIорэ усэр республикэм ис цIыфхэм лъытэныгъэшхо зыфашIырэ врачэу ыкIи ежь лIакъоу зыхэсым ялъапIэу Хьагъундэкъо Нурбый фитхыгъ.

Усэхэм анэмыкIэу тхылъым Iотэжьхэми, къэбар кIэкIхэми чIыпIэ гъэнэфагъэ щаубытыгъ. Мыхэм узяджэкIэ, блэкIыгъэм тищыIэкIагъэри, тинепэрэ мафи гъунджэм уиплъэрэм фэдэу ахэолъагъо. ЩыIэныгъэр куоу ыгукIэ зэхишIэу, ежь ыушэтыгъэхэми ямыбгъу кIоу Щамсэт итхыгъэхэр зэригъэпсыхэрэм нахь пэблагъэ уашIы. ЦIыф зэфыщытыкIэхэр, унэгъошIэныр, унагъомэ арыс ныбжьыкIэхэмрэ нахьыжъхэмрэ язэфыщытыкIэ, язекIокIэ-шIыкIэхэр, яшэнхэр гъэшIэгъонэу, шъыпкъагъэ ахэлъэу къэтыгъэх, къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэм щысэ афэхъунэу тхыгъэх. Сэ сишIошIыкIэ, унэгъошIэныр езыгъэжьэрэ тиныбжьыкIэхэмкIэ тхылъыр Iэнэтемых, акъылэгъу афэхъун ылъэкIыщт. Щамсэт сабыйхэр дэгъоу ышIэу, ыгу зэрафакIорэр къапшIэу, «IункIыбзэри» ахэмкIэ къыгъотыгъ.

Усэ цIыкIухэу **«Гъатхэр къэкIо»**, **«Ситэтэжъ»**, **«ЛIыгъэ»**, **«Ти Анзаур»**, **«Тыгъэ»**, **«Бзыу цIыкIухэр»**, **«Сыфай сиIэным»**, **«Сичэтыу»**, **«Сихьэ цIыкIу»** зыфиIохэрэм узяджэкIэ, кIэлэцIыкIухэр хэгъэкIи, тэри, нахьыжъхэм, сабыигъом, кIэлэгъум тыгухэм зыфагъэзэжьы, кIэлэгъу гушIуагъом тыхащэжьы, къэбзагъэр, дэхагъэр тыгукIэ зэхытагъашIэ.

*Сыдэу непэ мэфэ даха!*
*Сабый пстэуми тигушIуагъу —*
*Тыгъэр чэфэу къепсы,*
*Осыр псынкIэу мэжъу...*
*(у. «Гъатхэр къэкIо», н. 103).*

Тидунай зэрэдахи, тичылэхэр зэрэшIагъохэри, а зэкIэ бгъэлъэпIэн зэрэфаем гу лъытагъатэ мы сатырхэм.

*Зэрэкъуаджэу згъэдэхэнэу,*
*Чъыгы цIыкIухэр сэгъэтIысы,*
*Iофы зыцIэм сегъэгушхо,*
*Iофым цIыфыр еузэнкIы.*
*(у. «Сичыл», н. 102.)*

Джащ фэд нэнэжъ-тэтэжъхэми якъорылъф-пхъорэлъфхэм шIулъэгъоу афыряIэр зэрэиныр, ащ дакIоуи цIыфышIу хъунхэм зэрэкIэхъопсыхэрэр, чанхэу, IофшIэныр якIасэу, псэушъхьэ цIыкIухэр шIу алъэгъоу зэрэщытынхэм зэрафагъасэхэрэр усэхэм къащеIо.

Природэм идэхагъэ сабый анахь цIыкIухэми зэхашIэзэ, зэрэщэгушIукIыхэрэри Щамсэт иусэ сатырхэми IупкIэу къаты:

***Пчэдыжь тыгъэр сыдэу шIэта!***
***Сабый цIыкIумэ ар яплъапI,***
***Гъыни, шхэни зэпагъэу,***
***Iапэ фашIы, зыфащэи...***
(у. **Тыгъэ»,** н. 119.)

КIэлэцIыкIухэмрэ псэушъхьэхэмрэ язэфыщытыкIи дахэу авторым къытын елъэкIы.

Мыхэм ыкIи фэшъхьаф усэхэм сабыим идунай дэгъоу къащызэIухыгъ. Ар зэхэпшIэным паекIэ, ахэм ухэтми лъэшэу уапэблэгъэн фае. Рассказ кIэкI цIыкIоу **«ИлъэсыкIэ мафэ къытфэкIу»**, **«Бэщ кIыхь»**, **«Хьэ цIыкIумрэ чэтыумрэ»**, **«Бжьэмрэ къэцгъуанэмрэ»** зыфиIохэу, нэмыкIэу тхылъым къыдэхьагъэхэми щыIэныгъэр уагъашIэ, уагъасэ. Сэ сишIошIыкIэ, Щамсэт итхылъэу «Къытферэпс ренэу тыгъэр» зыфиIорэр егъэджэн-гъэсэн мэхьанэ икъу хэлъэу щыт, кIэлэцIыкIу IыгъыпIэхэм ыкIи ублэпIэ классхэм Iоф ащызышIэхэрэм ыкIи ежь кIэлэцIыкIухэм къашъхьапэнэу сэгугъэ. Дэгъугъэ ащ елъытыгъэу, гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ Министерствэм ащ ынаIэ тыридзэу егъэджэн программэм хигъэхьагъэмэ.

Тхылъым дэтым зэкIэми сызяджэм, джыри зыгорэ къыгъэнагъэу, къылъыкIощтым фэдэу, аужырэ нэкIубгъохэр (тхьапэхэр) зэфэсшIыжьыгъ. Сигъэрэзагъ.

***ОЖЪ Аскэрбый.***
**КIэлэегъадж.**
Улап.

# Тинамыс, тинэпэеплъ, тишIэжь

***(КъызыкIэлъыкIорэр мэлылъфэгъум и 6-м къыдэкIыгъэ номерым ит).***

ЕтIанэ Адыгэкъалэ щыщ ныбжьыкIэ куп а сурэтым рыгъуазэхи, адыгэ быракъ шъыпкъэ ашIыгъ. Хъодэ Адам, Абыдэ Хьис, Къэбэртэе Адам, СтIашъу зэунэкъощ АхьмэдитIур, Дэрбэ Сачнэт, Iэшъынэ Светлан, Чэтэо Адам, зыгорэ джыри къыхэсынагъэмэ гукъао къысферэмышI, ар зиIэшIэгъагъэхэр.

«Жъогъо 12-рэ зэблэдзыгъэ щэбзэщищрэ зытет быракъ уцышъор непэ Адыгеим зиужьыжьыным, итарихъ ишъыпкъапIэ ыгъотыжьыным, адыгэм игуфит-шъхьафитныгъэ ятамыгъэу непэ хъугъэ, — 1991-рэ илъэсым мэлылъфэгъу мазэм Адыгэ Хасэм игъэзетэу «Гъуазэм» ахэмэ къыщатхыжьыгъагъ. — Адыгэхэм ялъэпкъ быракъ зыфэдэгъэ шъыпкъэр СтIашъу Ахьмэдрэ Дэрбэ Сачнэтрэ апэрэу залъэгъугъэр шIэныгъэлэжьэу Къуекъо Асфар дэжь зычIэхьэхэр ары. Э. Спенсер итхылъ иоригинал ащ къаригъэлъэгъугъ, адыгэ быракъэу дэтым агухэр ыгъэбырсырыгъэх. Ащ фэдэ къабзэу зэрашIын алъэкIыщтым къалэм къэсыжьыфэхэ егупшысагъэх, кIыхьэлыхьэ зырамыгъэшIэуи ыуж ихьагъэх. Быракъым цIыфхэм яззэхэшIыкI зыкъызэрэригъэIэтыщтым, ятарихъ изэгъэшIэн зэрэкIигъэгушIущтхэм ахэмэ яцыхьэ телъыгъ. Адыгэ Хасэм икъутамэу ярайон щызэхащэжьынэу агъэхьазырырэм быракъыр фагъэшъуашэ ашIоигъуагъ. ШэкI пIокIэ уцышъо Краснодар къыщагъотыгъ.

— ЩыIэныгъэм ышъу! — гушIуагъэ Ахьмэд.

Бзэн-дэнымкIэ культурэм и Унэу къалэм дэтым ипащэу С. Iэшъынэм быракъым итрафарет ыгъэхьазырыгъахэу щытыгъ. Ащ тырахи, дышъэ IуданэкIэ шэкIым жъуагъохэмрэ щэбзащэхэмрэ хадыкIыгъэх, кIыцэ плъыжь дахэхэмрэ быракъыкIэм пылъыщт гъучIыпэмрэ агъэхьазырыгъэх. ЕтIанэ зэкIэ зызэрагъэкIужьым быракъым псэ къыпыкIагъэу къытщыхъугъ. Уахътэм, тарихъым яжьыкъащэ ащ кIуачIэ къыхилъхьагъэу, цIыфмэ ашъхьагъ щыбыбатэзэ ыгъэгушхохэ шIоигъом фэдагъ. Арэущтэуи хъугъэ.

Адыгэ Хасэм ирайон зэфэс къызэIуахы зэхъум Хэсашъхьэм ипащэхэмкIэ тырагъэблэгъагъ. Культурэм и Унэ зэрэчIафэу цIыфыр чIэсыгъ. Ахэмэ ашIэщтыгъэп адыгэ быракъ зэрэдгъэхьазырыгъэр. Ар залым чIэзыхьанэу щытыгъэхэр Мэлгощ Хъызыррэ Дэрбэ Сачнэтрэ арых. ШIэныгъэлэжьэу Къуекъо Асфар телъэIугъ адыгэ быракъым икъэбар залым чIэсхэм къафиIотэнэу, къызэрэчIэтхьащтым фигъэхьазырынхэу. ЗэкIэ дахэу зэпыфагъэ. Сценэм иджабгъу лъэныкъо дышъэ жъуагъохэр зыхэдыкIыгъэ быракъ уцышъор къызыщэлъагъом, залым чIэсыгъэхэр зэкIэ гушIом зэлъиштагъэу къызэлъытэджыгъэх. Сыдэу бэрэ адыгэхэр мыщ ежагъэха! Бэмэ анэпс къашIокIуагъ. ТишIэжьырэ тинамысырэ зафигъэзэжьыгъ тибыракъ, фэхыгъэхэмрэ къэнагъэхэмрэ ацIэкIэ ныбджэгъуныгъэм, мамырныгъэм, зыкIыныгъэм тыфещэ, зэфагъэм инэпэеплъ...»

Гум кIиубытэу, ыгъэбырсырэу къатхыжьыгъэба! Залым чIэсхэр быракъым зэрэпэгъокIыгъэхэм сыгу къыгъэкIыжьыгъ 1830-рэ илъэсым адыгэмэ ар къазыфахьым зэригъэгушIогъагъэхэу Эдмонд Спенсер къытхыжьырэр.

«... Пащэр къызэрэсыжьыгъэм фэгъэхьыгъэу шхончыхэр къызагъаохэм ыуж, — етхы авторым, — шыу зэолI мин пчъагъэ теплъашIохэу, гохьыхэу, бжьышIохэу къытпэгъочъыгъэх. НэгъэупIэпIэгъум Черкесием ипатриот шIагъомэ тыкъаухъурэигъ. Зыхэм щыгъын къызэрыкIохэр ащыгъыгъэх, адрэхэр зэпэжъыужьыхэу гъэкIэрэкIэгъагъэх. ЕтIанэ пэщэ лIыхъужъэу Херсис Султун-оглу Тырку империем тетыгъошхо щызиIэ адыгэ пщы гуащэм ышIыгъэ лъэпкъ быракъ гъэкIэрэкIагъэу Стамбул къыфырахыгъэр къызэкIоцIихыгъ (мыщ къегъэнафэ быракъыр инджылызэу Давид Уркарт адыгэмэ къафишIыгъэ фэдэу зэраIорэр шIошъхъугъуае зэрэхъурэр — **А. Къу.**).

Бэрэ зэжэгъэхэ лъэпкъ быракъыр залъэгъум чэтэ минмэ ошъогум зыдадзыягъ, зы макъэу цIыф жъугъэм игушIо-жъот къыдэоягъ. Джы нэс ащ фэдэ гухахъо лъэпкъым иIагъэп, яхэгъэгу къаухъумэнымкIэ теубытэгъэ пытэ ахэлъыгъэп. Щынагъоу къафыкъокIыгъэм апэрэу агу къыщигъэущыгъ зэкъомытыхэмэ зэрэмыхъущтыр, текIоныгъэм икъыдэхынкIэ анахь ищыкIагъэу ар зэрэщытыр зэхашIагъэ.

Ихэгъэгу ыпашъхьэ хъулъфыгъэ пэпчъ тхьэ щиIуагъ урысхэм афэмыIорышIэнэу, сатыу Iоф адыримыIэнэу, сыд хъугъэкIи зэпхыныгъэ гори адимышIынэу. Пащэхэмрэ лъэпкъхэмрэ язэфыщытыкIэхэр зэхъокIыгъэ хъугъэ. Адыгэхэу чIыгур, былым зэтезыхыщтыгъэхэр джы зэкъоуцуагъэх, къошныгъэмрэ ныбджэгъуныгъэмрэ азыфагоу аIэхэр зэкIэдзагъэхэу олъэгъух...

Ахэмэ сыдигъуи лъэпкъ быракъыр купым ыпэ итэу ахьы, лъэпкъ зэфэс пэпчъ ар нахь лъэгъупхъэ чIыпIэм щагъэуцу. Зэкъоуцогъэ пщыхэм тIэкIу-тIэкIоу къысфаIотагъэхэр зызэхэсэугъоежьым нафэ къэхъугъ лъэпкъ 12-мэ е 13-мэ Урысыем пэуцужьынхэу, яшъхьафитыныгъэ къызэдагъэгъунэнэу тхьэрыIо зэрэззэдашIыгъэр. Ахэмэ Санджак Шерифыр (адыгэ ныпыр ары зыфиIорэр — **А.Къу.**) ялъэпкъ быракъэу зэдаштагъэ. Ахэр шапсыгъэхэр, абдзахэхэр, нэтыхъуаехэр, хьатикъуаехэр, кIэмгуехэр, чэчэнаехэр, бжъэдыгъухэр, херкпетхэр, лезгхэр, мицудзеххэр, оссетхэр, чипакауайхэр, нэмыкIхэри, тэтархэм, тыркухэм, къалмыкъхэм якуп инхэр хэмытхэу (ежь къызэритхыжьыгъэм фэдэу къэтэтыжьы — **А.Къу.**). Ахэмэ зэраIорэмкIэ, Iэшэ-шъуашэкIэ дэгъоу зэтегъэпсыхьагъэхэу, зэоным сыдигъуи фэхьазырхэу нэбгырэ мин 200 ахэт...»

Адыгэхэм ялъэпкъ быракъ Кавказым ис нэмыкI лъэпкъхэу шъхьафитэу псэу зышIоигъохэми ятамыгъэу зэрэхъугъэр мыщ дэжьым къыщыIогъэн фае. «Черкесием ичIыпIэрыс лъэпкъхэм анэмыкIэу, — етхы Э. Спенсер, — Къурджым, Мингрелием, Имерети, Каспийскэ хым къапэгъунэгъу чIыпIэхэм къарыкIыгъэ нэбгырэ мин пчъагъэрэ поляк шъэ заулэрэ зэкъоуцогъэ пщыхэм ябыракъ мы илъэсым къычIэуцуагъэх... Адыгэхэм нэмыкI кавказ лъэпкъхэм конфедерацие задашIым, Санджак Шерифыр лъэпкъ быракъэу заштагъэм къыщегъэжьагъэу цIыфхэм язекIокIэ-гъэпсыкIэхэр нэмыкI шъыпкъэ хъугъэх, ащ лъэпкъым кIочIэшхо къыхилъхьагъ. Джы нахьыжъхэм я Генеральнэ Ассамблей ишIэ хэмылъэу пщы, пащэ, лъэпкъ горэми заор нэмыкI чIыпIэ къыщиIэтын фитыжьэп. Лъэпкъым ыкIуачIэ хъыбэй зышIыщтыгъэ егъэшIэрэ зэпыиныгъэ-джэгъогъуныгъэр ащ дигъэзыжьыгъ, лъэпкъхэм язэпэуцужь нахь зэтеIэжагъэ хъугъэ. ЦIыф жъугъэмэ акIуачIэ зэкъуаугъуаи, къяпыирэ Урысыем зэдебэнынхэу адыгэхэр, лезгхэр, тыркухэр, тыркуменхэр, къалмыкъхэр, тэтархэр, нэмыкI лъэпкъхэри зэкIэ зы быракъ чIэтхэу, «Е тIылIэн, е тышъхьафитын!» аIозэ, заом макIох...»

Адыгэкъэлэ кIалэмэ быракъыр зашIыжьыгъэм ыуж бэ темышIэу Тыркуем икъалэу Анкара сыщыIэу, хьатитыхэм ямузей хьатыпщхэм яштандарт зытешIыхьэгъэ плакеткэ цIыкIу къисхи, къыздэсхьыжьыгъ. Археологэу, тарихълэжь цIэрыIоу, лъэпкъым чанэу фэлэжьэрэ ЛэупэкIэ Нурбый ар езгъэлъэгъугъ. Ащ илъэс пчъагъэ хъугъэшъ хьатыхэмрэ хеттыхэмрэ якъэбар зэрегъашIэ. Илъэс минихблы Iэпэ-цыпэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, тыгъэкъокIыпIэ- къыблэ лъэныкъом щыпсэущтыгъэ хьатитымэ адыгэмэ ащыщхэр къахэкIыгъэхэу зэраIорэм дырегъаштэ. АщкIэ академикэу Ивановым фэдэмэ ятхыгъэхэр, ялэжьыгъэхэр иIэубытыпIэх.

Ятхыгъэхэр зытет мыжъо инхэр хьатымэ къакIэныгъэх, ащ укъыреджэнэу адыгэ-абхъаз лъэпкъхэр къызытекIыгъэ лъэпкъыжъым ыбзэ нэмыкI шIэныгъэлэжьмэ мы дунаим зи къытырагъотагъэп. Непэ къызынэсыгъэм адыгабзэм щыщэу гущыIишъэрэ шъэныкъорэм ехъу хьатымэ абзэ тефэу къагъотыжьыгъ. Къэсхьыгъэ сурэтыр адыгэмэ ялъэпкъ быракъ фэдагъ. Зызэтэгъапшэхэм ыуж Нурбыйрэ сэрырэ «Адыгэхэм ябыракъ. Тыдэ ар къикIыгъ?» зыфиIорэ статьяр илъэс пчъагъэкIэ узэкIэIэбэжьымэттхыгъагъэ. Зы инджылыз горэм ар къызэрэтфимыугупшысыгъэр ары тэ къэдгъэлъэгъуагъэр. Непэ адыгэ быракъым зыгорэхэр къызщыпэуцужьырэм, ащ икъэбар защыщыгъупшэжьырэ лъэхъаным а титхыгъэ щыщхэр гъэзетеджэхэм агу къэдгъэкIыжьымэ ишIуагъэ къэкIонэу тэлъытэ.



«... Адыгэхэм ялъэпкъ быракъ тет тамыгъэхэм къарыкIырэмкIэ еплъыкIэхэр зэтефэхэрэп, — ттхыгъагъэ. — Зыхэм ахэр ислъам диным рапхы (быракъыр зэрэуцышъомрэ жъуагъохэмрэ — **Авт.**), нэмыкIхэр я XIX-рэ лIэшIэгъум иапэрэ кIэлъэныкъо адыгэ лъэпкъхэм политикэ гъэпсыкIэу яIагъэм (адыгэ лъэпкъ 12-рэ ахэмэ языкIынығъэ къэзыгъэлъэгъорэ щэбзащэхэмрэ — **Авт.**) къапкъырэкIых. НэмыкI гупшысэхэри щыIэх, ау тэ лъэпкъ быракъым нахь мэхьэнэ куу иIэу тэлъытэ, ылъапси нахь чыжьэу къитэщы.

Мифолог цIэрыIоу А. Голан зэрэхигъэунэфыкIырэмкIэ, «... розеткэр тыгъэм итамыгъэу ижъырэ Мысыр, Мессопотамием, Европэм, тыгъэкъокIыпIэкъыблэ лъэныкъом ащалъытэщтыгъэ. Джэрзым илъэхьан лэдэх зиIэ розеткэм тыгъэр къырагъэлъагъощтыгъэмэ, упчIэ къэуцу — тыгъэм ибзыйхэр сыда упэпцIыгъэу къызкIагъэлъагъощтыгъэхэр? Ащи джэуап къыфагъотыгъ: тыгъэ бзый упэпцIыгъэхэмрэ тыгъатхьэм ищэбзащэхэмрэ зэфагъадэщтыгъэхэшъ ары. Пчым е щэбзащэм ащ фэдэ мэхьанэ етIани зыкIыратыщтыгъэр, ыпаIокIи, чIыгулэжь лъэхъаным иуахьти, хъулъфыгъатхьэм итамыгъэу ахэр зэрэщытыгъэхэр ары...»

Эдмонд Спенсери щэбзащэхэм ягугъу къешIы. «Черкесием иныбжьыкIэхэм пIуныгъэ зэрарагъэгъотырэ шIыкIэм тарихъым хэмыкIокIэжьыщт Урымым (Грецием — **Авт.**) илIыхъужъ уахътэ угу къегъэкIыжьы, — етхы ащ. — Сыда пIомэ, загъорэ, зэгъорэ дэд ныIэп къызыщыхъугъэ унагъом кIэлэцIыкIур адыгэмэ зэрэщапIущтыгъэр. Ар дунаим къызытехъокIэ ыпэкIэ къыпыщылъым итамыгъэу щабзэрэ щэбзащэхэр зэрылъ сагъындакъырэ шIухьафтынэу фашIы, амыушхъухьаным, нэ бзаджэ темыфэным апае дыуахь шIохалъэ...»

Щэбзащэхэр шэкIоными рапхэу мэхъу. КъушъхьэчIэсхэм яшэн-хабзэхэм дэгъоу ащыгъозэ урыс тхэкIо цIэрыIоу Гарий Немченкэм лIэшIэгъубэхэм къакIоцI чIыопсым Кавказ зэрэщыфэсакъыщтыгъэхэм, чъыгхэми, къэкIыхэрэми, мыжъохэми псэ апытэу зэралъытэщтыгъэм ягугъу къышIызэ, етхы: «...Адыгэ быракъхэм атетыгъэ зэблэдзыгъэ щэбзащэхэм ижъыкIэ къыщегъэжьагъэу къарыкIырэр шэкIонымкIэ узыблэкIы мыхъущт шапхъэхэр ары. Мэзым шакIо кIорэм щэбзэщищ ныIэп ыIыгъын фитыгъэр, ащ къехъу хъущтыгъэп. Зы щэбзащэр чъэрэ хьэкIэ-къуакIэм, ятIонэрэр быбырэ бзыум, ящэнэрэр псым хэсым апай. «Гурыт дунаим», «ышъхьагърэ дунаим», «ычIэгъырэ дунаим» щыщэу зырыз ныIэп къащиушэкIун зыфитыгъэр, ащ зыкIи ехъу хъунэу щытыгъэп...»

Тэ адыгэ быракъым ылъапсэ нахь куоу ехэу тэлъытэ. Джэрзым иуахът, илъэс минитф- хыкIэ узэкIэIэбэжьымэ, Хьатымэ якъэралыгъо зыщыIагъэр. Ахэмэ ятетыгъо уахътэ епхыгъэу археологмэ къычIахыгъэ пкъыгъомэ узяплъыкIэ адыгэ быракъэу я XIX-рэ лIэшIэгъум ашIыгъэм итеплъэкIи икупкIыкIи адыгэ-хьат символикэр ылъапсэу къэлъагъо. Мы къэттхырэмэ яджэрэр къыкIэупчIэн ылъэкIыщт сыдым адыгэхэмрэ хьатыхэмрэ зэрищэлIагъэха ыIоныщъ. Я XX-рэ лIэшIэгъум Тыркуем Кархемиш дэжь зы мыжъо къыщагъотыгъ. Ащ адыгэхэмрэ хьатыхэмрэ Темыр Кавказ икIыхи ТыгъэкъокIыпIэм зэрэкощыгъэхэр тетхагъ. Хьат пэчъыхьэмэ яштандартхэу джэрзымрэ дышъэмрэ ахэшIыкIыгъэхэр археологмэ дунаим щыцIэрыIо хъугъэ Мыекъопэ культурэм рапхы.

Тятэжъ мыотIымэ къакIэныжьыгъэ къошынхэм, е аущтэу агъэфедэщтыгъэ ятIэм хэшIыкIыгъэ пкъыгъо пIуакIэхэм А. Голан зыфиIощтыгъэ розеткэр атеолъагъо. Шъолъырищ гъэтхъыгъэхэр ышъхьагъыкIэ къахэхьэрэ шъолъырищымэ зэфэдэкъабзэу зэтырауты ( ). Джащ фэдэх касогымэ яуахъти — я VIII — XIII-рэ лIэшIэгъухэм, къагъотыгъэ хьат хьагъэхэр( ). Тамыгъэхэу адыгэ лIакъомэ я XVIII — XIX-рэ лIэшIэгъухэм яIагъэми хьат хьагъэхэр нафэу ахэолъагъох. ГущыIэм пае, Натхъохэр ( ), е Коблыхэр( ).

Хьатымэ яштандарт зэрыт плакеткэу Анкара къикIыгъэм тешIыхьэгъэ сурэтым пчыпынджхэр зыцыпэ къуашъом исэу тыгъэр щыолъэгъу. Мыщ фэдэ сурэт тыгъэр Тхьэу зылъытэщтыгъэ лъэпкъ пчъагъэмэ яI. Хъураем ыкIоцI зэтегъэлэтхъыгъэ прямоугольник ит ( ). Сурэтым уеплъымэ япшIэнэрэ пчыпыджыныр зэрэпыутыгъэр олъэгъу, зэкIэмкIи 12 хъун фэягъэ, тыгъэ календарым имэзэ пшIыкIутIу ар тефэ.

Гузэгум ит пчыпыджынмэ ачIыпIэ цIыфышъо ятеплъэу пкъыгъуищ атет. Ахэр хьатитымэ яшыблэу Телепин (адыгэм и Шыбл — **Авт.**), хьат тхьэшхоу Васхаб (адыгэм и Тхьэшху — **Авт.**), Каск е Мазуль — Мэзатхьэр (машIом шъхьащэ фэзышIырэмэ якъащ — **Авт.**) арэу къыбгурыIонхэ плъэкIыщт. Илъэс минихкIэ узэкIэIэбэжьымэ щыIэгъэ Мыекъопэ лъэпкъыжъыхэу былымхъуным пылъхэу Тыгъэр зитхьагъэхэм ятамыгъэхэр мы штандартым хэхьагъэх.

Тигумэкӏхэм къафэтэгъэзэжьы

# ЗЫ ПЧЫХЬЭМ СЫДА ЗЭКӏЭ ЗЫКӏЫЗЭХАЩЭРЭР?

**Концертхэр, спектаклэхэр, пчыхьэзэхэхьэ гъэшӏэгъонхэр Адыгэ Республикэм бэрэ щэкӏох. Уахэмыдэу зэкӏэми уяплъы пшӏоигъоуи уахътэ къыокӏу шъхьае, а зы мафэм, а зы сыхьатым узэжэгъэ концертыр, спектаклэр, зэӏукӏэр Мыекъуапэ щыкӏоу зэп къызэрэхэкӏырэр. Тигъэзетеджэхэри ащ ыгъэгумэкӏыхэу телефонкӏэ редакцием къытфытеох, упчӏэхэр къытаты.**

ЗэхэщакӏоМэ джэуапэу къатыжьын алъэкӏыщтым пэшӏорыгъэшъэу тегупшысагъ. Адыгэ республикэ театрэр, филармониер, ансамблэу «Налмэсыр» зычӏэт унэхэр лъэгъупхъэх, зэӏукӏэ гъэшӏэгъонхэр ащызэхэпщэнхэ плъэкӏыщт. Ар къыдэплъытагъэми, пащэхэр зэупчӏыжьынхэ, республикэм икъэлэ шъхьаӏэ щыкӏорэ ӏофтхьабзэхэм защагъэгъозэн алъэкӏыщтба?

Тщыгъупшагъэп бэрэ тызэжэгъэ спектаклэу «Мэдэя» зыфиӏорэмрэ Адыгэ Республикэм изаслуженнэ артисткэу Кушъэкъо Симэ иконцертрэ а зы уахътэм Мыекъуапэ зэрэщызэхащагъэр. Лъэпкъ искусствэр зикӏэсэ цӏыфыр пчыхьэзэхэхьитӏуми яплъы шӏоигъу, ау тыдэ зигъэзэщта? ОрэдыӏоМ иконцерт зымыкӏокӏэ, артисткэм ыгу къызэрэфыхэкӏыщтыри зыдешӏэжьы. Композиторым иорэдхэм ащыщхэр концертым щыӏущтых, ау иныбджэгъухэм ягъусэу спектаклэм кӏонэу, зэфэхьысыжьхэр ышӏынхэу кӏэхъопсы...

Гъэтхапэм и 14-м АР-м и Лъэпкъ театрэ спектаклэу «Мэдэяр» къыщагъэлъэгъонэу щыт. Орэдусэу, музыкантэу Лӏыбзыу Аслъан иконцерти а пчыхьэм филармонием щыкӏощт. Тиорэдыӏо цӏэрыӏохэр ащ хэлэжьэщтхэшъ, искусствэр зышӏогъэшӏэгъонмэ билетхэр шӏэхыӏоу зэращэфыщтхэм пылъых.

**— Тэ къытфаер тизэхахьэ къэкӏощт, а зыфэпӏорэ артистыр тэ къытэнэкъокъун ылъэкӏыщтэп, — ӏэшъхьэтетхэмрэ зэхэщакӏохэмрэ къытаӏоу зэп къызэрэхэкӏырэр.**

Москва, Санкт-Петербург, фэшъхьаф къэлэшхо ущэпсэумэ, театрэм е филармонием ащызэхащэрэ пчыхьэзэхахьэмэ еплъыкӏэу афыуиӏэщтыр Мыекъуапэ щызэхэтхырэ къэбархэм афэдаӏохэп. Арышъ, искусствэр цӏыфхэм апае щыӏэу тэлъытэмэ, цӏыфхэм яшӏоигъоныгъэхэри зэхэщакӏомэ къыдарэлъытэх. Спектаклэу «Мэдэя» зыфиӏорэр мэлылъфэгъум и 13-м е 15-м Лъэпкъ театрэм къыщагъэлъагъомэ сыда щышӏыщтыр? Филармониеми упчӏабэ ептын плъэкӏыщт цӏыфхэм ягумэкӏ къыдэплъытэ зыхъукӏэ. Культурэмкӏэ Министерствэр тигумэкӏхэм атегущыӏэнэу, ӏофым чанэу хэлэжьэнэу тэгугъэ.

Самбо

# МЕДАЛЬХЭР – ТЫЖЬЫНЫХ

**Спорт лъэпкъэу самбэм лъапсэ фэзышӏыгъэ А. Харлампиевым фэгъэхьыгъэ зэнэкъокъухэр илъэс къэс Москва щэкӏох. Боевой самбэмкӏэ дунаим и Кубок икъыдэхынкӏэ апэрэ чэзыум хэхьэрэ зэӏукӏэгъухэм командэ 22-мэ ябэнакӏохэр ахэлэжьагъэх.**

Адыгэ Республикэм самбэмкӏэ ибэнэпӏэ еджапӏэ зыщызыгъэсэрэ Абэдзэ Ислъам Урысые Федерацием боевой самбэмкӏэ ичемпион. Килограмм 90-м нэс къэзыщэчырэмэ якуп ятӏонэрэ чӏыпӏэр къыщыдихыгъ. Тренерэу Ошхъунэ Султӏанрэ Хьэпэе Хьамидэрэ ар агъасэ.

А. Харлампиевым фэгъэхьыгъэ зэнэкъокъухэм самбэмкӏэ тибэнакӏохэр ахэлэжьагъэх. Килограмми 100 къэзыщэчырэ батырхэм Джармэкъо Азмэт ябэныгъ. Ятӏонэрэ чӏыпӏэр ащ къызэрэфагъэшъошагъэр гъэхъагъэкӏэ фэтэлъэгъу. Тренер-кӏэлэегъаджэу Джармэкъо Нурбый ащ ипащ.

Адыгэ Республикэм ибэнакӏохэу дунэе зэӏукӏэгъумэ ахэлэжьагъэмэ пэщэныгъэ адызэрихьагъ тренер-кӏэлэегъаджэу Тыгъужъ Алый. Тибатырхэм ухьазырыныгъэ дэгъу къызэрагъэлъэгъуагъэр УФ-м итренер цӏэрыӏомэ хагъэунэфыкӏыгъэу ащ къытиӏуагъ.

Дзюдомрэ кӏэлэцӏыкӏухэмрэ

# ЯНЕУЩРЭ МАФЭ ФЭКӏОХ

***Къыблэ шъолъырым дзюдомкӏэ изэнэкъокъухэу Анапэ щыкӏуагъэхэм илъэс 14-м нэс зыныбжьхэр ахэлэжьагъэх. Адыгэ Республикэм дзюдомкӏэ итренер шъхьаӏэхэу Бэстэ Сэлымрэ Роман Оробцовымрэ кӏэлэцӏыкӏухэм ябэнакӏэ къытедгъэгущыӏэнхэу гущыӏэгъу тафэхъугъ.***

— Анапэ тызэкӏом кӏэлэцӏыкӏухэр дзюдомкӏэ бэнагъэх, каратэмкӏи яӏэпэӏэсэныгъэ къагъэлъэгъуагъ, — еӏо Роман Оробцовым. — Апэу зэнэкъокъугъэхэм пшъэрылъ шъхьаӏэу яӏагъэр дзюдом хэхьэрэ бэнакӏэхэр къагъэлъэгъонхэр ары. Адыгеим икомандэ ящэнэрэ чӏыпӏэр зэнэкъокъухэм къащыдихыгъ.

***— Дзюдомкӏэ зэрэзэбэныгъэхэм сыда къепӏуалӏэ пшӏоигъор?***

— Бэнакӏохэр джыри кӏэлэцӏыкӏух, яӏэпэӏэсэныгъэ зэрэхагъэхъощтым пылъых. Щыкӏагъэу афэтлъэгъурэр ятэӏотэжьы. Тидзюдоистхэр зэрэбэнагъэхэм тигъэрэзагъ.

***— Адыгеим ихэшыпыкӏыгъэ командэ ящэнэрэ чӏыпӏэр къыдихыгъэу къытэпӏуагъ. Тиспортсменхэмрэ тренерхэмрэ ацӏэ къытфеӏоба.***

— Нэбгырибгъу тикомандэ фэбэнагъэр. Акъущэ Чэрым, кг 38-рэ, Жакӏэмыкъо Айтэч, кг 55-рэ, тӏури Джыракъые щыщых, тренерэу Акъущэ Бислъан егъасэх. Щыгъущэ Амир, кг 42-рэ, Парфиров Адонис, кг 66-рэ, Мыекъуапэ щыщых, тренерыр Роман Оробцов, Пщыдатэкъо Амир, кг 46-рэ, Цӏыкӏу Мыхьамэт, кг 73-м къехъу, Адыгэкъалэ щыщых, тренерыр Хьахъукъо Адам, Хъыщт Ахьмэт, кг 50, Кощхьаблэ щыщ, тренерыр Тулпэрэ Аскэрбый, Тушуев Хьамид, кг 60, Мыекъуапэ щыщ, тренерыр Нэпсэу Бислъан, Алиев Мыхьамэт, кг 73-рэ, Шэуджэн район, тренерыр Шъынэхъо Мурат.

***— Кӏэлэцӏыкӏухэр зэнэкъокъухэм зэрахэлажьэхэрэм ишӏуагъэкӏэ якъулайныгъэ хагъэхъон алъэкӏыба?***

— Зэнэкъокъу пэпчъ спортсменым зыщеушэты. Тренировкэхэр бэрэ ышӏыхэу, ау зэнэкъокъумэ ахэмылажьэ зыхъукӏэ игуетыныгъэ къеӏыхы. Ащ изакъоп къыхэзгъэщынэу сызыфаер. Спортсменым ӏоф зыдишӏэжьызэ ыкӏуачӏэ епсыхьэ, ыпэкӏэ зэрэлъыкӏотэщтым егупшысэ. Зэнэкъокъум зыфигъэхьазырыгъэ зыхъукӏэ, кӏуачӏэу «ыугъоигъэр» ащ тыригъэкӏодэн фае. Етӏанэ нахьышӏоу зигъэхьазырын ылъэкӏыщт, — еӏо АР-м изаслуженнэ тренерэу Бэстэ Сэлымэ.

***— Зэнэкъокъу инмэ кӏэлэцӏыкӏухэр ахэлэжьэнхэр ӏоф къызэрыкӏоп. Гъогупкӏэр, зэхэщэн ӏофхэр, нэмыкӏхэри къышъохьылъэкӏыха?***

— Зэхэщэн ӏофхэм тапылъышъ, опытэу тиӏэри тэгъэфедэ. АР-м спортымкӏэ ипащэхэр ӏэпыӏэгъу къытфэхъухи, Анапэ тибэнакӏохэр дгъэкӏуагъэх. Тхьаегъэпсэу Хьасанэкъо Муратэ. Тыфай нахьыбэрэ гъогу тытехьанэу, зэнэкъокъу гъэшӏэгъонмэ тахэлэжьэнэу.

***— Пшъэрылъ гъэнэфагъэхэр шъуиӏэха? Мыекъопэ бэнэпӏэ еджапӏэм игъэхъагъэхэм татегущыӏэ зыхъукӏэ, илъэсыбэкӏэ тызэкӏэӏэбэжьын фае.***

— Нурбый, къызгурэӏо зыфапӏорэр. Тибэнакӏохэу непэ дгъасэхэрэм спортсмен цӏэрыӏоу тиӏагъэхэм ящыӏэныгъэ гъогу къафэтэӏуатэ. Джырэ уахътэ жьыӏо тикӏэлэцӏыкӏумэ янеущрэ мафэ тытегущыӏэныр. Арэу щытми, гугъэшӏухэр тиӏэх. Мыекъопэ бэнэпӏэ еджапӏэм щыдгъасэхэрэм якъулайныгъэ хагъахъо, яшъыпкъэу ӏоф зыдашӏэжьы, дэеу еджэрэ ахэтэп. Тапэкӏэ тылъыкӏотэн тлъэкӏыщт.

***— Шъуигухэлъышӏухэр къыжъудэхъунхэу шъуфэсэӏо.***

— Тхьауегъэпсэу.





Сурэтхэм арытхэр: **дзюдомкӏэ тренерхэу Бэстэ Сэлымрэ Роман Оробцовымрэ гущыӏэгъу зэфэхъугъэх. Кӏэлэцӏыкӏумэ загъасэ.**

Суд приставхэм яспартакиад

# ЗАУР АНАХЬ ЛЪЭШ

**Урысые Федерацием исуд приставхэм я Гъэӏорышӏапӏэу Адыгэ Республикэм щыӏэм дзюдомкӏэ испартакиадэ Мыекъуапэ щыкӏуагъ. Дзюдоист анахь дэгъукӏэ зэхэщакӏомэ къыхахыгъэр Шъхьэфыжь Заур.**

Спортыр шӏу зыщалъэгъурэ унагъом Шъхьэфыжь Заур щапӏугъ. Ятэу Къэплъан Адыгеимкӏэ апэу самбэмкӏэ СССР-м спортымкӏэ имастер 1961-рэ илъэсым хъугъагъэ. Заур апшъэрэ еджапӏэр къыухыгъ, самбэмкӏи дзюдомкӏи мэбанэ.

Суд приставхэм яспартакиадэ ар зыхэлажьэм килограмм 81-м нэс къэзыщэчырэмэ янэкъокъугъ, апэрэ чӏыпӏэр къыфагъэшъошагъ. Адыгэ Республикэм исуд пристав шъхьаӏэу Бракъый Аслъан къызэриӏуагъэу, спорт обществэу «Динамэм» изэнэкъокъухэм зэрахэлажьэхэрэм ишӏуагъэкӏэ, физкультурэм пыщагъэмэ япчъагъэ хэхъо, спортышхом гъэхъагъэ щызышӏыгъэхэри ӏофшӏапӏэм аштэх. Къулыкъур дэгъоу ахьынымкӏэ спортым шӏуагъэ къафехьы.

***НэкӏубгъоМ итхэр зыгъэхьазырыгъэр ЕМТӏЫЛЪ Нурбый.***